ZVIPO ZVAMWARI ZVINOGARA ZVICHIWANA NZVIMBO DZAZVO

Maita henyu, Hama Neville. [Hama Neville vanoti, "Mwari vakuropafadzei, hama."—Mupepeti] Ishe vakuropafadzei, hama.

Manheru, shamwari. Ndichangopinda, nguva yapfuura, uye ndafunga kuti ndaigona kudzika kuno kuzokushuvirai mose "Kisimusi Yakanaka."

2 Uye saka handina kuziva kuti ndaizova nemukana mukuru uyu wekutaura nemi pamusoro peShoko raShe. Uye saka Hama Neville vakandikumbira, uye ndanga ndine zvinyorwa zvishoma zvidiki zveKisimusi zvandakanga ndichishandisa, chimwe chazvo kumusoro ku—kuPhoenix nezasi kuTucson, nzvimbo dzakasiyana-siyana dzakapoteredza ikoko, mharidzo yeKisimusi yenguva dzose. Uye ndafunga, manheru ano, ndaizotaura pamusoro pechimwe chinhu chidiki pano icho Ishe vakaisa mupfungwa dzangu nguva pfupi yakapfuura, pandakanga ndiri kumusoro kuColorado.

3 Uye ndanga ndichifunga nezvechimwe chinhu panguva yeKisimusi, uye ndine zvingangoita zvishanu kana zvitanhatu zvezvinyorwa zvidiki zvakanyorwa pano, Magwaro nezvimwe. Ini . . . Handi . . . Ndinofungidzira kuti Hama Neville nevashumiri vose vanoita izvozvo. Iwe . . . zvinoita sekunge chimwe chinhu chinouya kwauri, wobva wachinyora pasi. Womira kwekanguva, wobva wazviisa pasi. Ndakazvinyora pakatsumbu kemapepa, kangori katsumbu kemapepa. Zvino kana ndazodanwa pane imwe nguva, ndinotarisa neipapa ndoti, "Chaive chii icho zvino chandakanga ndawana?" Ndiwo maitiro acho, kana tikadanwa nekukurumidza chaizvo, munoziva.

4 Zvaimbova, ini . . . ndichiri mudiki, ndaigona kungo . . . pfungwa dzangu dzaive dzakanyanya, ndaigona kungofunga izvi izvozvi, uye ndakanga ndisingazofaniri kumirira, ndofunga "Mazuva gumi apfuura ndakanga ndiri pane imwe, nzvimbo yakati. Ndicho chinyorwa chacho. Hechinoi ichi, zvino hechinoi zvatoringana."

5 Munoziva, sezvo ndati fambei rwendo rwakareba, Hama Higginbotham, ndikayambuka nzizi shoma, zvokuti hazvichangouyi nenzira iyoyo zvakare, ndati fambei mutunhu wakati rebei zvishoma nemugwagwa. Asi izvozvo . . . sekutaura kwaita Hama Neville, nguva yadarika, "Tiri kuswedera pedyo, nepedyosa neKumusha."

6 Zvakanaka kudzoka kumba. Ini, ndichidzoka, nhai, kuine chando chakaipisisa. Uye kune...uye ndikanzwa nezvetsaona nezvimwe, zvakawanda kwazvo munzira, uye nevanhu vachiurayiwa. Uye chimbofungai kuti mazana mangani vacharasikirwa neupenyu hwavo zvino, kubvira husiku huno uye nemushure meGore Idzva, vangani vemuAmerica vachafa! Uye munoziva, vamwe vedu tinogona kunge tiri pano chaipo, manheru ano. Uye zvinongoenderana zvino, kuti... chinhanho chedu pamberi paMwari. Inyika yakasuwa, hama iyi yadaro, kusuwa kuri kwese-kwese. Uye mureza wedu wanga wakarembera, mazuva makumi matatu, wakaderedzwa kusvika pakati pebango, zvose nokuda kwechivi uye nevanhu vasingagamuchiri nzira yaMwari ye—ye—yezvinhu.

7 Kunyange kana tichigona kusabvumirana nomumwe munhu, kana tikatotadza kuzviita nenzira yepahukama, uye ipapo...Munoona, kana Kristu ari mumoyo, zvino hazvinei nokuti unopesana sei nemurume wacho, uchiri nerudo naye neruremekedzo. Ndinopesana nevarume vakawanda, kakawanda. Asi zvakadaro, handisati ndamboona mumwe wandakanga ndisingabvumirani naye wandakambofunga nezvake kunze kwekuti "ndimumbundire neruoko ndomudana kuti 'hama yangu,' ndoedza kumubatsira nepandinogona napo." Ndinopesana naye nekuti ndinofunga kuti pamwe mukupesana kuti iye...Zvaanotenda, zvokuti handingagoni kutenda saiye, asi...nezvimwe zvakadaro, asi zvino ndingaedza kuratidza nzira yangu kwaari sezvaanondiratidza yake, zvino todziunza pamwe chete uye toongorora nekuona zvatinazvo, asi tiri mukusawirirana kwakadaro. Kwazvinozongosvika...hatifaniri kumbotsamwa kana kuda kukuvadza, kana kuparadza kana chero chimwe chinhu. Tinofanira kugara tichiedza kuvaka.

8 Pane kutonhora kuri kuitika kuno, hatina here? Makumi maviri nemaviri pandakabva kuTucson, uye zuva parakanga ranyura uye kwasviba, kwakanga kuchiri makumi maviri. Saka, zvino ndadzoka kumusoro kuno, ndiri kungobvunda, munoziva. Ini...Mugwagwa wose uya une chando, uye pasi paziro, nechando nezvose, ndakatozojairira kwachiri zvakare. Zvinoshamisa zvikuru kuti unotozosvika paku "jairira" nenzira di—diki yakadaro. Uye kubva pandakakusiyai, ini handina kana kuwana mukana wekudziviririka. Ndakabatwa...nerinenge dzihwa muma—mamiriro ekunze ari kuno, uye ndichiwedzera kukura...Uye ini ndakazvarwa ndikakudzwa imo muno. Asi kana, munoona, kana uchiri wechidiki, une chimwe chinhu, unogona kurasira kwakadaro; asi paunokura, handiti, unotanga kuona kuti chimwe chinhu ichocho hachisisipo. Zvaimbove kuti, waigona kungokanganwa nezvazvo. Iwe... pava nechimwe chinhu ipapo chi—chisisakandire kwakadaro sezvachaiita pawaive wechidiki, saka ndinozviona nenzira iyoyo kuti ini...kuti mamiriro ekunze iwayo anodziya, kumutana, anoita sekubatsira zvishoma.

9 Ndinorangarira ndichiuya ndichidzika Utica Pike iya kumusoro uko, ndiri mwana (ane makore manomwe, masere, gumi, gumi namaviri, gumi namana ekuberekwa), ndisina kupfeka shangu (shangu dzetenesi) uye ipapo kuri makumi maviri nemaviri kana makumi maviri nematatu pasi peziro, uye shangu dzetenesi, zvigunwe zvakabuda kubva madziri. Uye kwete . . . zvino ikoko hakusi kufamba uchidzika zasi sezvakaita mugwagwa pano, asi uchipaza chando. Hakuna mota dzinouya zasi, panogona kunge paine matsimba engoro pano neapo. Ndaiuya zasi nemugwagwa mukuru iwoyo ari mangwanani, ndakapfeka bhachi diki rakare, ndisina shati, uye iro rakakoperwa se*zvizvi*, zvisina kumbosiyana nezvandakapfeka iko zvino; ndakanyata kusvika pamabvi angu, ndichitonopinda mukati uye ndisingaite hanya nazvo. Munoona, ndisingatombobatwi nedzihwa. Asi aive angaita makore makumi mana nemashanu akapfuura. Saka, pava nekupera simba kwakanyanya, wafamba mamaira mazhinji uye ari kungowedzera paspidhomita, munoziva, saka hatingozvitore sezvataimboita.

10 Ndaona Hama Capps vachisimudza musoro wavo. Muchiri mudiki kwazvo kuti mufunge pfungwa idzodzo zvino. Uye saka mirai kusvikira masvika pana Hama Neville neni, ipapo—ipapo mucha—muchafunga zvinhu zvakawanda zvakasiyana, zvinoita sekupedza simba.

11 Saka, takava nenguva dzakanaka munaShe. Ishe vakatikomborera zvikuru, uye ndinotenda kwazvo. Uye ndinodzoka, ndinofunga, Svondo inouya, Ishe vachitendera, ndinoda, kana Hama Neville vasina havo basa nazvo, iyo . . . Ndine shumiro, yeSvondo mangwanani uye pamwe Svondo manheru, shumiro yekunamatira vanorwara yeSvondo manheru. Svondo mangwanani ndine mharidzo yakakosha, kana Ishe vakatendera kuti ndiipe. Handisati ndafunga nezvemusoro wenyaya yangu . . . zvisingadarike musoro wenyaya yangu nazvino, hapana chirevo pairi, nekuti ini—ini . . . kwete pasina—pasina kana, munoziva, chizaruro kubva kunaShe, asi zvingori mandiri hangu. Ndi—ndinoda kutaura chimwe chinhu Svondo chandinovimba kuti chichaita sekubatsira zvishoma munzira idzi.

12 Ndinofanira kuenda zvino kumunda wekuvhangera, uye ndinongova nemazuva ose potse ndakabatikana kwese-kwese. Ndinofunga Billy aindiudza, mukati mehurongwa hwemafambiro, kuti ndine mazuva maviri kana matatu andingagona kudzoka kumba muna Kubvumbi mushure mekunge ndabva kuno, dichidzokera kuTucson, uye zvinobva potse zvatongoringana ipapo. Uye kubvapo zvichienda mberi kusvika muna Mbudzi anotevera, Gumiguru, pandichadzoka kudivi rino zvakare ndabva mhiri kwemakungwa.

13 Zvino, kwasara mamwezve mazuva maviri kuti tisvike paKisimusi. Rimwezve zuva, handizvo here? Angava maviri. Muvhuro . . . Chipiri iZuva rinozoteverwa neKisimusi? Chipiri iZuva rinozoteverwa neKisimusi. Hazvina kuipa here kuona kuti zororo rino rakaisvonaka, ratiri kusvika kwariri, rinosvikwa kwariri nenzira iyo yariri kusvikwa kwariri nayo? Chinhu chinosiririsa kwazvo, chinhu cha—cha—chakashata zvakadaro, kufunga kuti—kuti tsuro uye nenga—ngano inonzi "Kriss Kringle" (Santa Claus) uye nezvimwe zvese, zvabvisa kukosha chaiko kubva pane zviri Kisimusi.

14 Zvino, isu hati . . . isu—isu hatizivi, uye ini zvirokwazvo handitendi . . . Ndanga ndichangodzika kuno, mudzimai wangu ari kumashure uko, neni . . . tichidzika nomugwagwa, tanga tichiteerera mumwe munzveri wezvemuchadenga; kuti zvino, vakangowira papfungwa yandakaudzwa nemumwe munzveri wezvemuchadenga makore, mazhinji-zhinji akapfuura, pandakanga ndingori muchengeti wemhuka muno muIndiana. Pavakandiudza kuti . . . kuti nyeredzi dziya dzakauya pamwe chete sei, sezvakaita munzveri wezvemuchadenga uya wekutanga uye zvikagadzira, zvavakataura kuti chaizova chinhu chezvemasikirwe chinoitika pega-pega, ndinotenda ataura manheru ano, pamakore mazana masere, kana chimwe chinhu chakadaro. Uye chinozvivandudza zvakare, zve: Sargas neJupiter, uye ndakanganwa; uye neMart- . . . Mars; kwete, ini . . . hazvisizvo. Ndedzimwe nyeredzi mamhanyiro adzinoita padzinoyambuka makwara adzo ari mumutsara nenyika, zvino munzveri wezvemuchadenga uyu manheru ano anga achiedza kutaura kuti chaizvo-chaizvo chaive chinhu chezvemasikirwe. Ini—ini handi—ini handibvume izvozvo. Ndinotenda kuti chaive chinhu chemweya, chakaitwa naMwari. Ivo, zvinhu ndezvemweya naMwari. Ivo ndeveMweya.

15 Uye—uye ndakatarisa pasi ndikaziva kuti izvi zvatarisana zvino naKubvumbi, Ndine . . . Ishe vachinditendera kuti ndirarame kwenguva yakareba kudaro, ndichange ndine makore makumi mashanu nemashanu ekuberekwa. Maona? Uye ndi—ndinoziva . . . Asi ndichitarisa kumashure pahupenyu hwangu, uye handizivi kuti zvakaitika kupi. Kubva pamaKisimusi madiki ekutanga iwayo, pataiturika masokisi edu, uye Amai vaitora . . . Pamwe taizowana ranjisi, nezvidimbu zviviri kana zvitatu zvechihwitsi chine mitsetse, uye yaive Kisimusi huru kwatiri. Asi, munoziva, vana va—vanotarisira zvipo izvozvo. Ti—tinozviona kuti—kuti Kisimusi ndeye . . . ndeyevana kunyanya, va—vanotarisira kwairi mazuva ano. Ya—yaiswa kuvana. Asi chaizvo vanofanira kunge vari vanhu vakuru; vanofanira kunge vari kudzidzisa vana vavo kuti Kisimusi yechokwadi chii.

16 Uye handizvitendi zvachose kuti—kuti Kristu aigona kuzvarwa pazuva rechimakumi maviri nemashanu raZvita, muJudhea, nekuti kunotonhora kupfuura zvazviri kuno zvino.

Maona? Oo, uye vafudzi vaizofudza sei makwai avo husiku? Uye—uyezve zvemutero nezvose, naMaria achifanira kubva kure kwakadaro, achibva zasi-zasi kuBheterehema achikwidza kuJudhea, achikwidza kupinda muJerusarema, waro, ku... kunotereswa. Ini—ini—ini handimbokwanisi—kwanisi—kwanisi kuzvitenda. Akakwidza, ndinotenda kuti akauya kuNazareta, uye saka apo...Kuti izvozvo—izvozvo zvaigona kuitwa sei. Zvaisagona ku—kuitwa, asi ndinotenda kuti Kristu akazvarwa mupfumvudza, nokuti muna zvose Akanga ari Gwayana. Maona? Munocherechedza here kuti, Akazvarirwa mudanga, uye kwete mumba?

17 Zvino pavakaenda naYe kumuchinjikwa (vamwe), sekuziva kwedu, kuti haana kumbotaura pamusoro paKe achivatungamirira, asi vakaMutungamirira. Munoziva here kuti gwayana kana gwai rinofanira kutungamirirwa kunourayiwa? Iro—iro hariendi kunourayiwa, iwe—iwe unotofanira kuritungamirira ikoko. Uye kazhinji imbudzi inotungamirira makwai. Mu—mumatanga ekuurayira, vane mbudzi. Zvino mbudzi inofamba ichikwidza nenzira iyi, kusvikira yasvika pekuti makwai atange kufamba achidzika nenzira kunouraiwa, zvino mbudzi inobva yasvetukira kunze. Asi kana vasvika panguva yavari kuzonouraya mbudzi, inotanga kurwisa chaiko (inofanira kupindamo) asi, chokwadi, waisagona kuipa mhosva. Asi—asi ndechimwe chi—chinhu chekuti gwai rinofanira kutungamirirwa, zvino Akatungamirirwa kunourayiwa. VakaMutungamirira. Akanga ari Gwayana. Uye ndinotenda nenzira iyoyo zvese kuve zvemasikirwe, uye makwayana anozvarwa muna Kurume, Kubvumbi, uye nechepakati ipapo, zvisingapfuure Chivabvu. Uye handitendi kuti yaive imwe nguva Kurume asati asvika uye imwewo mushure maChivabvu, imwe nguva nechepakati ipapo.

18 Asi apo chechi, Chikristu, pachakaroorwa muchiRoma, paive paKanzuru yepaNicaea, pavakagamuchira...nyika yeRoma payakagamuchira Chikristu uye vakaita icho chavaidana kuti chitendero chepasi rose, chaiva Chikristu. Vakaita chitendero chepasi rose, uye vainamata zvimupunzo, uye vaiva namwari wezuva.

19 Uye iko zvino, kubva pa—kubva pazuva remakumi maviri nerimwe kusvikira pane remakumi maviri nemashanu, zuva rinoita sekumira mugwara raro rimwe chete parinenge richipfuura. Munochidaidza kuti chii ichocho? Chaive... Ndafunga kuti ndinochiziva, asi handigoni kufunga nezvacho. Kana zuva riri—riri...ri—rinowedzerwa nguva yakawanda kudai uye rorasikirwa nenguva yakawanda kudai, kusvika musi wamakumi maviri nerimwe, pakati pemakumi maviri nerimwe namakumi maviri nemashanu aZvita. Oo, ndakanganwa kuti vanozvidaidza kuti chii. Chii? [Mumwe anoti "Kuora kwezuva?"—Mupepeti] Kwete, kuora kwezuva ndeapo

parinopfuura, zuva nomwedzi pazvinopfuura pamwe chete. Ndechimwe chinhu imomo, oo, ndi—ndi—ndiri kutopotsa ndachitaura asi handisi kukwanisa izvozvi. Zvisinei, ndeiko kumira kuya kwezuva kunodanwa nevaRoma (ndipo paiitwa mutambo), rainzi *zuva rokuberekwa kwamwari wezuva*. Vairipemberera kubva musi wamakumi maviri nerimwe kusvika makumi maviri nemashanu aZvita.

20 Saka zvino, nekuda kwekuti iyi yakatendeutswa, Roma kuita . . . Chikristu chakagamuchirwa, mumaitiro avo muRoma, zvino vakabva vati, "Tichaita mhemberero imwe chete, uye toita *zuva rekuzvarwa kweMwanakomana waMwari*." Maona? Mwari wezuva, zuva rekuzvarwa kwaJupiter, rova zuva rekuzvarwa kweMwanakomana waMwari, pamusi wemakumi maviri nemashanu aZvita, uye kuti . . .

21 Asi zvinoita musiyano wei? Munoona, nhasi apo patiri . . . Kunyangwe kana kuri . . . kana vaizviita muna Chikunguru kana Nyamavhuvhu, kana chero zvaungava, kuchingori kuyeresa kwekurangarira kuti "Mwari vakatipa tariro yatinayo matiri."

22 Uye zvino, unoti, "Saka, vamwe vose ndivana Santa Claus uye vachienderera sezvavanoita; handiti, tochitongozviitawoka." Kwete, changamire! Kwete, iyi haisi mhemberero yechihedheni kwatiri, iyi inguva inoera. Dai kwakanga kusina Kisimusi, kungadai kusina rumuko. Dai kwakanga kusina Kisimusi: pangadai pasina rudo, hapaizova nerugare, hapaizova neramangwana remutendi; dai pakange pasina Kisimusi.

23 Uye zvino, munoti, "Saka, kana nyika yose, vanongo . . . " Saka, munoona, mheni yakamonyoroka mumatenga matema, ane makore, zvinoratidza kuti panogona kuva nechiedza munguva yerima. Zviedza izvi manheru ano zvinoratidza izvo, kuti panogona kuva nechiedza munguva yerima. Uye chiedza chinopenya zvakanakisisa rinhi? Murima. Ukabatidza zviedza izvi masikati, zuva riri kuvhenekera mukati, hautombocherechedzi kuti zvakabaka. Asi chiedza chimwe chete, chidiki-diki chinopenya chaizvo munguva yerima. Uye iko zvino irima apo Mukristu wese anofanira kupa huchapupu hwetariro iri maari, yaJesu Kristu Mwanakomana waMwari; kwete mumwe Kriss Kringle akazvarwa kumashure uko, munoziva, neimwe mhando yemuti wakabatidzwa zviedza zvino ndokudzika nemusango humwe husiku, imwe nyaya yengano yekuti haina hwaro pairi. Asi tinotenda zvakasimba paShoko raMwari rakavimbiswa raMhesia anouya, uye Akazvarwa pazuva reKisimusi, makumi maviri . . . potse makore angaita zviuru zviviri zvakapfuura, tinotenda.

24 Saka, manheru ano tichataura zvishoma neimwe nzira yakasiyana. Ndinofungidzira kuti mufundisi wenyu atotaura, uye pamwe achataura Chitatu manheru zvakare nekuti ndi—ndinoziva kuti vasendeka chimwe chidzidzo kana chimwe

chinhu, kuti vandipe puratifomu iyi manheru ano. Uye ndinoda kuti vachiunze, ndinoda kuvanzwa.

Asi, tisati taita izvi zvino, ngatimbokotamisai misoro yedu zvakare kwekanguva kemunamato:

25 Baba voKudenga, nguva huru iyi yakayereswa, patinofunga nezvezvinhu zvakasiyana zviri muGwaro pano, kuti kwese kwatinoenda, tichidzokera shure muTestamende Yakare, kunotaura nezvezuva iro Mwari vachatuma Mwanakomana waVo. Kuti vaporofita ivavo kareko vakagovera nguva yavo kuti chiporofita cheShoko raMwari chiuye kwavari. Uye vakaporofita mumazuva avo uye vakafanotaura zvinhu zvaizoitika, uye tinozviona zvose zvakasangana imomo muBheterehema husiku ihwohwo apo Mwari vakada nyika kwazvo zvokuti Vakapa Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga. TinoKutendai nokuda kweizvi.

26 Uye zvino, Ishe, manheru ano takagara pasi pano kuti—kuti titaure pamusoro peShoko reNyu; uye Rinoera kwazvo, Ishe, ndicho chikonzero tichida kutaura neMi kutanga. Uye tinokumbira kuti Muzarure kunzwisisa kwedu kuShoko reNyu. MuZita raJesu tazvikumbira. Ameni.

27 Zvino ndinoda kuverenga rumwe Rugwaro pano, ingori nyaya yamazuva ese yeKisimusi, yeGwaro rinowanikwa mu—muna Mateo, chitsauko 2. Uye pamuri kuvhura kwariri, naJohane 3:16.

28 Zvino humwe husiku kumusoro kuPhoenix. . . Kana imi vanhu vematepi pano, vari kuteerera kumatepi, ndingada kuti muteerere kune iyoyo: *Sei Jesu Aifanira Kuuya KuBheterehema.* Ko sei iYe aifanira kuzviita? Uye mifananidzo iyoyo ipapo yaDhavhidha, arere uye—uye akamirira pagomo, akatarisa zasi uye achiona hondo yavaFiristia yakachengetedza panzvimbo. Zvino ndakazvienzanisa chaizvo nanhasi, ndokuona kuti Bheterehema. . . zvarinoreva.

29 Uye Kristu ndiye Bheterehema redu, uye ndinogona kuratidza kuti munhu wose akaberekwa naMwari anozvarirwa muBheterehema, nokuti Kristu iBheterehema. Uye ndizvo zvaAiva, *Chingwa cheHupenyu.* Uye Bhet, *B-h-e-t* zvinoreva—zvinoreva kuti "imba," *E-r-e* ndi "Mwari," uye e-r-e-h-e-m-a ndi*Erehema* zvinoreva kuti "chingwa," uye "Imba yeChingwa chaMwari." Zvino Jesu Kristu akanga ari "Imba yeChingwa chaMwari," Chingwa cheHupenyu Husingaperi. Zvino munhu wose akaberekerwa muna Kristu, unoberekerwa mu*Bheterehema*, "Imba yaMwari yeChingwa." Uye kuti mubatanidzwa wemachechi aya nhasi wakachengetedza, semaFiristia, kudzivisa vanhu kubva kwaRiri.

30 Uye kuti varume vaya mhare, vachiziva kuti Dhavhidhi akanga akazodzwa uye kuti aizova mambo rimwe zuva. . . asingafarirwi zvikuru mazuva iwayo, nokuti akanga ari

mupoteri pakati pavanhu vake, asi rimwe zuva kudanwa kwake kwakauya. Vaiva nevarume mhare pamwe naye. Uye rangarirai, varume ivavo vakanga vari veMarudzi, vazhinji vavo vakanga vari veMarudzi, mufananidzo wakanaka kwazvo wanhasi. Zvino murume mumwe chete akanga ane hushingi kwazvo, akauraya varume mazana masere neiro. . . nepfumo rake, iye pachake, nezuva rimwe chete. Mumwe wacho akanga akamira mumunda wenyemba, zvino mauto akauya, boka. Zvino vose vakamhanya, zvino akamira ipapo ndokuuraya varume kusvikira maoko ake aneta. Ndokubva mumwe wacho, kuti akasvetukira sei mugomba ndokuuraya shumba pazuva rainaya chando, ari oga. Uye muFiris-. . . kana muEgipita akamumhanyira nepfumo refu, zvino iye ndokutora chimuti ndokurova pfumo iri kubva muruoko rwake, ndokutora pfumo, akauraya muEgipita pachake, uye akauraya vakuru vehondo mazana matatu.

31 Uye ndokupa varume vakuru! Dhavhidhi achidanidzira achiti, "Dai ndaigona kunwa zvakare, munoona, kubva mutsime riya!" (kwaaimbonwisa makwai ake mvura kana abuda mangwanani, kubva mudanga, aida mvura yokunwa) Zvino varume ava vakavhomora minondo yavo vakarwa nepakati pevarume mamaira gumi nemashanu, vakadzoka nemvura iyi.

32 Zvino Dhavhidhi akati, "Hazvibviri, kuti ndiinwe." Iye ndokuidururira pasi sechipiriso chinonwiwa kuna Jehovha. Mufananidzo wakaisvonaka sei wechinhu chimwe chete, waJohane 3:16 uyu, manheru ano.

> . . . *Mwari vakada nyika* kwazvo, *Vakapa Mwanakomana waVo akaberekwa* ari *woga,* . . .

33 Zvino Kristu akaitei? Hupenyu hwaAifanira kurarama Nokusingaperi, Akahudururа pasi kubva mutsinga dzaKe, hupenyu hwaKe hwepanyama, pasi sechipiriso chezvivi nokuda kwedu. Uye kuti Marudzi nhasi, varume vanokudzwa, varume, varume vakuru, vachitora munondo, uye vakamira ipapo uye vachicheka nzira yavo kuti vaunzire Kristu mvura yekunwa yakachena (Dhavhidhi wedu), uyo asingafarirwe zvakanyanya nhasi. Asi Dhavhidhi wedu, watinoziva kuti Ari kuuya musimba, Achatsika-tsika marudzi ose pasi petsoka dzaKe saizvozvo, ovatonga netsvimbo yedare. Uye varume chaivo vehumhare, vakamira neShoko raMwari vachicheka kubva kune rumwe rutivi kuenda kune rumwe rutivi vasingatyi, nokuti tinoziva kuti Ari kuuya musimba.

34 Ngativerengei zvino, mushure maJohane 3:16; ngativerengei kushanya kwe—kweVachenjeri vomuna Mutsvene Mateo, chitsauko 2.

> Zvino *Jesu wakati aberekwa muBheterehema reJudhea pamazuva amambo Herodhe, tarira,*

vachenjeri vakasvika Jerusarema vachibva—vachibva ku*mabvazuva,*

Vachiti, *Aripiko Mambo wevaJudha* aka*zvarwa? nekuti takaona nyeredzi yake kumabvazuva,* uye *tauya kuzomunamata.*

Zvino *Mambo Herodhe . . . achinzwa* zvinhu izvi, akashushikana, *neJerusarema rose* pamwe *naye.*

Zvino wakati aunganidza . . . *vaprista vakuru vose navanyori vavanhu* pamwe chete, *akavabvunza kuti Kristu achaberekerwepi.*

Zvino *vakati kwaari,* Ku*Bheterehema reJudhea: nekuti ndizvo zvakanyorwa nemuporofita,*

Newe Bheterehema, mu*nyika yeJudhea, hauzi mudukus*a here pamachinda e*Judha:* . . . kubva mauri *kuchabuda Mutungamiriri,* uchatonga *vanhu vangu vaIsraeri.*

. . . *Herodhe,* wakati adana *vachenjeri* muchivande, *akavabvunzisisa nguva yakaonekwa nyeredzi.*

Zvino *akavatuma kuBheterehema, akati, Endai* munyatsotsvakisisa *mwana* mudiki*;* uye *kana mamuwana,* mundipe shoko zvakare, *kuti neniwo ndiuye kuzomunamata.*

Ivo vakati . . . *vanzwa mambo, vakaenda; zvino, tarira, nyeredzi, yavakanga vaona kumabvazuva, yakavatungamirira, kusvikira* yasvika ikamira pamusoro *pakanga pane mwana.*

Zvino *vakati vaona nyeredzi, vakafara nemufaro mukuru kwazvo.*

Zvino vakati vapinda *mumba, vakawana mwana* mudiki *naMaria mai vake,* ndokuwira *pasi,* uye *vakamunamata:* uye . . . vakazarura *pfuma yavo,* vakapa kwaari *zvipo; ndarama, . . . zvinonhuwira, nemura.*

Zvino vakati vayambirwa *naMwari* muchiroto *kuti varege* kubva . . . *varege kudzokera kuna Herodhe, vakaenda kunyika yavo neimwe nzira.*

35 Zvinoshamisa kwazvo pano kuti Mwari, nenzira yakaderera, . . . Mwari vanotaura nevanhu kubudikidza nezviroto. Ndinozvitenda. Asi kuti Mwari panyaya iyi vakashandisa yechipiri.

36 Zvino, chiroto . . . chiroto, kana chikadudzirwa zvakanaka, chakafanana nechiratidzo; kana chiri chiroto uye chichidudzirwa. Mwari vakachishandisa kubva kare-kare muTestamende Yakare uye zvichidzika nemumazera, uye vakachivimbisa mumazuva ekupedzisira kuchishandisa zvakare. Zvino, vanhu vanogona kudyisa uye—uye nezvimwe zvakadaro

zvino vorota hope dzinotyisa, zvino hazvisi—hazvisi zviroto zvechokwadi, zvemweya, hazvinzwike zvakanaka kana iwe—kana iwe wazviverenga. Uye zvimwe zvacho zvingaite sekunge ndizvo, asi zvakadaro pane zviroto zvemweya, zvechokwadi. Uye tinoziva pano patabhenakeri kuti Mwari vanopa vanhu zviroto uye zvinodudzirwa, uye zvoitika, uye ndezvechokwadi. Asi inzira yechipiri yekuzviita nayo. Maona?

37 Zvino, chikonzero zvakaitwa ikoko, imhaka yokuti pakanga pasina muporofita munyika panguva iyoyo, kuti adudzire hope dzacho. Maona? Pakanga pasina muprofita kuti adudzira hope dzacho, saJosefa na—naDhanieri navaporofita ivavo vakare. Vakanga vasina kumbova nemuporofita kwemakore mazana mana, zvino Mwari vakashandisa chiroto ku . . . kuitira kuriritirwa kweMwana waVo pachaVo. Vakazviita.

38 Vakaudza Josefa, paakanga ari "murume akarurama, asingadi kumunyadzisa pamberi pavanhu, akafunga kumuramba muchivande." Pasina kupokana mudzimai akamuudza zvokushanya kwaGabrieri nezvimwe zvakadaro, nezvaakanga ataura; asi wakati amuona akazvitakura, zva—zvakanga zvisina kujairika zvachose. Munoziva, zvinongo . . . chaiva chimwe chinhu chakasiyana kwazvo. Uye munoziva, ndiro dambudziko nhasi uno. Mwari vanoita zvinhu zvisina kujairika, uye hazvina kujairika zvachose zvekuti kunyange munhu wakarurama haakwanisi kuzviona.

39 Josefa haana kugona kuzvinzwisisa, zvaive zvisingajairike zvachose. Aive murume akanaka, pasina chakaipa paari. Aiva murume akanaka, murume akarurama, asi zvakanga zvisina kujairika zvachose. Munoona, Josefa zvichida aine makore makumi mana kana makumi mana nemashanu, zvimwe zvakada kudaro, vanodaro, apo iye naMaria vakanga vavimbisana. Asi pano tinowana chimwe chinhu chakanga chisati chamboitika: mudzimai akavimbisa kuroorwa nomurume uyu asi owanikwa akazvitakura! Zvino zvakanga zvisina kujairika zvachose zvekuti Josefa akanga achida kumuramba. Asi panguva iyoyo yakaoma, Mwari vakatuma Ngirozi yaVo, uye ikazviratidza kwaari muchiroto ndokuti, "Usatya kutora Maria mukadzi wako, nekuti Icho chakagamuchidzwa maari ndecheMweya Mutsvene."

40 Kwaiva kutenda kutsva kwakaita sei uko Josefa anofanira kunge akava nako paakamuka achibva ipapo! Munoona, aisamboda chero dudziro ipi zvayo, chiroto chacho chaive chisiri mumifananidzo. Chaive chakananga, "Usatya kutora Maria mukadzi wako, nekuti Icho chakagamuchidzwa maari ndecheMweya Mutsvene." Pakanga pasina muprofita anopa dudziro, saka chaifanira kuuya zvakananga, chakananga chaizvo saizvozvo; kuna Mwari . . . kubva kuna Mwari kuna Josefa. Zvino . . . uye Mwari vakatora nzira iyoyo yechipiri.

41 Zvinotidzidzisei ipo pano, tisati tapinda muchidzidzo chedu? Hezvino zvazvinotidzidzisa: kuti Mwari vanogona kushandisa masikirwo edu ese ehunhu hwedu kana akapi-. . . akapirwa kwaVari. Vanokwanisa kushandisa pfungwa dzedu, zviroto zvedu, hana yedu yemukati, hana yedu yekutanga, rurimi rwedu, nziyo dzedu, maziso edu, zvedu. . . Zvese zvatiinazvo zvinogona kushandiswa naMwari kana zvikakumikidzwa kuna Mwari. Maona? Zvose zvauri, zviise kuna Mwari. Vachashandisa nzira yese nechikamu chako chese, Vachachishandisa. Hazvinei kuti chii, Vanochishandisa kana chakacheneserwa kuchinangwa pamwe nokudana kwaVo.

42 Zvino, manheru ano tichataura pamusoro pe: *Zvipo*. Uye ndinoda kupa musoro wenyaya uyu, kana. . . Ndanyora, ndangonyora pasi chimwe chinhu imomo, Hama Neville pavakanga vari kumusoro: *Zvipo ZvaMwari Nguva Dzose Zvinowana. . . Zvipo zvaMwari Zvinogara Zvichiwana Nzvimbo Dzazvo*. Zvipo zvaMwari zvinogara zvichirambwa, asi zvinonyatsowana nzvimbo yazvo kana. . .

43 Zvino, tarisa chipo chakatengwa nevachenjeri ava. . . kana kuti vakaunza kwaAri. Nhasi tinoona kuti tiri kuchinjana zvipo. Munhu wese anofanira kuwana chipo, uye oedza kufunga kuti mumwewo muchinda anotevera achamupa chii, kuti agone kumupa chimwe chinhu achienzaniswa neichocho. Uye kana zvisina kudaro, saka, paGore Idzva, anonzwa kuti anofanirwa kuzvigadzirisa. Uye mumwe nemumwe achiongorora nekufunganya uye achifamba-famba, vanamuzvinamiriyoni, kuti vachazvigona sei. Vanopa zvakati kune *uyu* ne*uyo,* apo izvo—izvozvo zvose zvakaipa. Izvo—izvozvo—izvozvo—izvozvo zvose zviri. . . Kisimusi. . .

44 Pano: pane chipo chimwe chete chaunogona kupa, uye chinova iwe pachako. Zvipe pachako kuna Mwari nekuti Mwari vakatokupa Chipo chaVo. Zvino, pane chinhu choga chaune mungava wekudzorera kuna Mwari, anova iwe pachako kwaVari.

45 Zvino, uye kakawanda, *mazita* ari muBhaibheri. Hatichazvicherechedza zvachose, nhasi. Isu. . . Maiwanzondinzwa ndichinyomba zita iri, revana vanodanwa. . . kana kuti vanhu vanodana vana vavo kuti "Ricky." Zvino, *Ricky* izita rakashata! Maona? Uye raka. . . haufaniri kuvatumidza kudaro. Kana uine mwana anonzi Ricky, chokwadi chaizvo, rishandure kune rimwewo haro. *Ricky,* kana—kana *Elvis*, kana rimwe rakadaro. . . *Ricky* zvinoreva kuti "gonzo." Maona? Uye saka iwe—iwe enda. . . Uye—uye zvaunodana munhu, zvinorunzira izvozvo. Mumwe mudzimai mudiki, rimwe zuva, aiva nekakomana kadiki kunze uko kanonzi "Ricky" uye zita rake ndiRicky, James Ricky. Uye nekuda kwekuti raiva nemukurumbira zvikuru (Ricky), vakamutumidza kuti "Ricky." Ndakati, "Chinjai zita iroro!"

46 Ndinocherechedza vamwe vanhu vagere ipo pano zvino vane muzukuru mudiki, uye zita rake ndi. . . mumwe—mumwe mukomana muduku anotapira, muchinda mudiki akaisvonaka; uye rimwe racho ndiRicky, uye ndizvo zvaari. Chingomutarisa, hunhu hwake hwakangodaro. Uye iye. . . Ndakati kune vamwe sekuru nambuya vake, kana mumwe munhu, ndakati, "Udzai amai vacho kuti vachinje zita remukomana iyeye, chingochinjai zita iroro moona zvinoitika kumwana." Munoona, imi vanhu hamudi kuzvitenda izvozvo. Tinofunga kuti izvozvo zvakararamwa munguva yekare.

47 Kana pasina chimwe chinhu muzita, zvino sei chero bedzi Jakobho ainzi *Jakobho*, zvinoreva kuti "tsotsi, munyengeri," ndizvo zvaaiva? Asi paakaita mutsimba naJehovha husiku hwose, uye Jehovha vakashandura zita rake, uye kunge. . . paakanga ava namakore anenge makumi matanhatu okuberekwa. Vakachinja zita rake kubva—kubva—kubva kuna Jakobho kuva *Israeri*, "muchinda pamberi paMwari," uye ndizvo zvaaiva.

Sei Abrama akadanwa kuti. . . akatozodaidzwa kuti "Abrahama" mwana asati azvarwa? Sei Sarai akadaidzwa kuti "Sara" mwana asati azvarwa?

Sei Pauro. . . kana kudana. . . zita rake ainzi Sauro, asi paakasangana naJesu, Akamushandura kubva kuna Sauro kuve "Pauro."

Pakashandurwa Simoni kubva kuna Simoni kuve *Petro*, zvinoreva kuti "dombo duku." Uye—uye mazita avo ose akachinjwa, nemhaka yokuti zvaunodanwa zvine chimwe chinhu pamusoro pazvo. Ukataura chimwe chinhu, chinozvizivisa. Handidi kupinda imomo, nokuti zviri kuuya manheru eSvondo inotevera, munoona, kuratidzwa kweshoko. Uye, asi zvino, tinoona kuti zvinhu izvi zviri zvechokwadi chaizvo.

48 Zvino tarisai, Mwari. . . Chinhu chinoshamisa sei manheru ano, kuona kuti varume vaya, Vachenjeri, varume vakadzidza, varume vakuru. . . vachiuya vachibva kuMabvazuva, yaive Bhabhironi, yaive iri India. Uye havana kumbouya pane humwe husiku hwese, zvino ndokutanga humwe husiku vachizosvikako hwacho hunotevera, zvakavatorera makore angaita maviri kuti vasvike ikoko. Havana kumbouya kuMucheche ari muchidyiro chezvipfuwo. Vakauya kuMwana mudiki, Mwana mudiki. Zvino Herodhe akauraya vana kubva pamakore maviri. Munoona, kuti muzive kuti kakange kasiri karusvava kadiki kakarara munhowo, aizongouraya vacheche vese. Asi akauraya vana vadiki, kuitira kuti ave nechokwadi chekuMuwana, chero bedzi kubva pamakore angaita maviri okuberekwa zvichidzika. Akatara nguva nekuti aziva kuti aisada kuuraya vakanyanya kuwandisa, vese zvavo, akango. . . nokuti vakanga vakangoda kuita senhapwa kwaari. Aida kuwana. . . kuva nechokwadi

chekuMuwana, saka akati, "Mwana wacho achange ane makore angaite maviri ekuberekwa. Saka, vese kubva pamakore maviri zvichidzika, vaurayei." Maona?

Uye zvakazadzikisa zvakataurwa nemuporofita, kuti "Mu—muRama paizonzwika ku—kuzhamba kana kuchema, kuungudza; kuti Rakeri aichemera vana vake, asi vakange vasisipo."

49 Zvino, macherechedza here kuti vachenjeri ava, varume vakuru, vaive kumusoro muBhabhironi zvino ndokuona Nyeredzi yaKe, takati, "Takaona Nyeredzi yaKe kumabvazuva uye tauya kuzoMunamata." Vakabva kumabvazuva, uko kwavakaona Nyeredzi, ichienda kumadokero. Nekuti India iri kumadokero, kuchamhembe kwakadziva kumadokero kweBhabh-. . . kwe—kweParastina. Zvino vakauya vachidzika chaiko nemuRwizi rweTigris ndokuyambuka mapani vachipinda, vakaburukira muBheterehema uko kwavakawana mwa—mwa—Mwana. Uye rangarirai Josefa nevamwe havana kumbobvako; vakaenda zasi ikoko kuNazareta ndokurera Mwana, ikoko chaiko.

50 Zvino, tinoona pano kuti vakapa. . . Varume ava, vari vanzveri vezvemuchadenga uye vachidzidza zvenyeredzi, uye vachiona zviedza izvi zvemuchadenga zvisinganzwisisike zvichionekwa kumusoro uko, kuti paive pane chimwe chinhu chaiitika; kuti vakaziva kuti ndiye Mhesiya, mu—Mutongi wematenga nenyika, aizoberekwa. Zvino vakauya, vachiziva kuti Mwari vaizopfigirwa, vakagara mu—munhu; nekuti vakuratidzei chapupu chavo. . . Munoziva, munoziva, hupenyu hwako hunotaura zvine ruzha rwakanyanya kupfuura mazwi ako, kusvikira zvisinei nezvaunotaura, vanhu vanoziva zvauri ne—nezvauri.

51 Uye tarisai vanhu ava, Vachenjeri ava, vakaMuunzira. . . Tarisai zvipo zvavakaMuunzira, zvakaratidza zvavaifunga kuti Aiva. VakaMuunzira ndarama, nezvinonhuwira, nemura. Uye zvino tarisai kuti mifananidzo iyi, yandiri kuda kutaura nemi pamusoro payo zvino. . . ndizvo zvinorehwa nemifananidzo iyi. Zvino, ndine rimwe Gwaro rakanyorwa pano ratichaverenga muchinguvana pariri, Ishe vachitendera.

Zvino: ndarama, nezvinonhuwira, nemura.

52 Zvino: ndarama muBhaibheri. . . kuti inokodzerana sei naKristu, nokuti ndarama inotaura nezveHumwari. *Ndarama* ndihwo "Humwari." Tichasvika kwazviri munguva pfupi. *Zvinonhuwira* zvinotaura nezve "kushumira." Uye *mura* ndirwo "rufu." *Mwari, Humwari, huri mushumiro yokufa*. Uye ndizvo zvaAiva. Chinhu chacho chavakauya nacho chakaratidza zvavaifunga kuti Aiva.

53 Uye ndinotaura izvozvo kwatiri nhasi, "Zvinhu zvatinounza kwaAri zvinoratidza zviri pfungwa dzedu pamusoro paKe."

Munonzwisisa zvandiri kureva? Maona? Kana uri... Kana ukaRitenda nomwoyo wako wose, Shoko rose razvo, unozozviziva nekupa zvose zvaunazvo kwaRiri. Maona? Asi kana uchitenda kuti inzvimbo yakanaka yekushamwaridzana nevanhu vari nani, pachechi nezvimwe zvinhu zvakadaro, ndizvo kuda zvoga zvaunopa (nguva shoma dzekutandara nevamwe veungano kana chimwe chinhu). Asi kana iwe—kana iwe uchiRitenda nomwoyo wako wose, zvino unopa zvose zviri mauri kwaRiri. Maona? Uye zvinokuzivisa, kuti unotenda Mharidzo zvechokwadi, kuti unoitenda kuva Chokwadi.

54 Vanhu vazhinji kwazvo vanoti, "Ndinogona kutenda zvakasvika *apa*. Ndinogona kutenda *zvakadai*." Vadzidzi... Ndinotenda kekupedzisira pano, ndakataura pamusoro pazvo: *Vatendi, Vatendi Vekabanga, NeVasingatendi*. Zvaive zvisirizvo here? Ini...handina kutaura nezvazvo here pano? Maona? Uye munhu wega-wega, tarisai boka ravo. Munoona, zvichasvika panzvimbo yekuti vanogona kutora zvakadai zvazvo, vasingakwanise kutora zvimwe zvese.

55 Zvino, zvipo izvi zvakanga zvakakodzera sei parwendo rwaKristu rwepanyika, Mwana akazvarwa pano panyika. Uye zvipo izvi zvaAkaunzirwa nevachenjeri, zvakanyatsoenderana nekutumwa kwaKe kubva kuna Mwari nerwendo rwaKe rwepanyika.

56 Zvino, chinhu chekutanga: Mwari. Ava vaive Mwari, Jesu aive Mwari vari muchimiro chemunhu. Izvozvo zvakaomera vanhu kuti vazvigamuchire, kunyangwe nhasi, kuti "Akanga ari Mwari." Uye iYe...Ndizvo zvaAiva. Akanga asiri chimwe chinhu chiduku pana Mwari. Aive Mwari vachiratidzwa munyama. Akanga ari Musiki muzvisikwa zvaKe pachaKe. Zvino kuti...Aive Musiki muzvisikwa zvaKe, kubudikidza nekusikwa, kuitira zvisikwa. Akanga ari Musiki muzvisikwa zvaKe, kubudikidza nekusikwa kwaKe, kuitira zvisikwa zvaKe. Zvose zvinonyatsodzokera muna Mwari, zvose hazvo. Hamusi kuona? Huzaro hwaMwari! Akanga ari Musiki zvokuti Akanga ari Mwari. Zvino Aiva Chisikwa panyika (Chisikwa chenguva), zvinoreva kuti Anofanira kuva nemavambo, nokudaro AkaZvisikira mutumbi wekuti agare mauri. Mwari, pachaVo, Vakazvisikira mutumbi. Maona? Kuti nekusikwa uku, Vagoponesa chisikwa chakanga charasika chaVakanga vasika.

57 Hapana chinhu chinogona kutsakatiswa nemunhu, hapana chinhu chimwe. Hapana chaunogona kuita kuti uparadze zvachose chero chinhu. Unogona kutora chidimbu chebepa wochipisa, unogona kupisa chivakwa chose, unogona kupisa muti wose; hauna kuutsakatisa. Iwe...kupisa ikoko imomo, moto iwoyo unoputsanya, zvingori chete zvinhu zvakagadzira chinhu zviri kuputika. Ari kudzokera kune zvaaive pamavambo. Haana kutsakatika. Kana ukapisa chimedu chehuni (uye nyika, toti, kana tikararama muZiyendanakuenda saMwari,

uye kuti zvinhu zvakagadzira huni iyoyo nemoto iwoyo zvakadzokera pamavambo azvo epakutanga uye zviri. . .mune chero zvazvaive, kupamuka kwemaatomu nezvimwe zvakadaro, nyi—nyika, toti, yaizomira kwemamiriyoni emakore), zvaigona kuzodzoka zvakarezve zvova mumwe muti, sezvawaingova chaizvo.

58 Haukwanisi kutsakatisa chero chinhu nekuti iShoko raMwari rakataurwa. Ameni! Oo, uye zvinondiita kuti ndinzwe manyukunyuku ekunamata, zvino. Maona? Zvinotaurwa naMwari, Zvinomira nekusingaperi. Ameni! Munoona, haugone kutsakatisa. Tiri chikamu chenyika ino, uye hatimbofi takatsakatiswa zvachose. Kwete, changamire. Chivi (munhu wemukati) achatsakatiswa, tinozvicherechedza izvozvo. Asi mu—mutumbi watinorarama mauri, haungatsakatiswe. Maona?

59 Zvino, naizvozvo, Mwari vakaZvisikira mutumbi. Vakanga vari Musiki, uye vakasika chisikwa chaVo pachaVo, kuti kubudikidza neChisikwa ichi Vagone kuponesa avo vakarasika muzvisikwa zvaVo (ndiwe neni, zvisikwa zvenguva).

60 Shoko raVo—raVo rainyatsoratidza kuti. . .Iye nemabasa aKe zvakaratidza kuti Akanga asiri chimwe chinhu kunze kwoMusiki. Akatora chimedu chechingwa ndokuchimedura, uye akaramba achimedura chimedu chimwe chete ichocho chechingwa, ndokupa kudya kuvanhu zviuru zvishanu kubva pachiri; uye vakanonga tswanda nomwe dzizere nezvimedu zvakasara, uye munhu wose ikoko akagutswa zvi—zvi—zvizere nechingwa.

61 Akatora hove ndokumedura hove iyoyo. Zvino kana tikacherechedza kuti Akasika hove iyoyo pamavambo. Akasika chingwa ichocho pamavambo. Asi Akatora hove iyoyo ndokumedura hove iyoyo. Yaimbove hove mhenyu, ndokubva yafashaidzwa kana—kana kuti yakakangwa; uye pese paAkaimedura, chero zvayaive (yakagochwa kana yakakangwa), yakakurazve pakare (nguva imwe chete yaAkaimedura) imwe hove yakafashaidzwa kana kuti yakakangwa. Hazvina kunakisa here? Zvakaratidza kuti akanga asiri chimwe chinhu kunze kwekuva Jehovha. Uye zvakare Aiva Musiki aikwanisa kutora chisikwa chaKe pachaKe, uye kubudikidza nechisikwa chaKe, oratidza kuti Aiva Ani. Hareruya! Zvakaratidza kuti Aiva zvaAiva. Akanga ari Mwari. Saka, ndarama yakanga yakafanira kwaAri, mumupiro wepakuzvarwa kwaKe. Aiva Mwari vakaitwa nyama.

62 Ndinogona kudonhedzera zvimwe. . .Hapana vaenzi pakati pedu manheru ano, ndinofungidzira, saka. . .mumusangano wekunamata uno. Asi regai nditaure chimwe chinhu. Ko Jesu, paAive pano,. . .? Zvino, izvi ndezvekufunga, kwete zve-. . . zvichida. . .kuongorora waro. Cherechedzai, kungofunga chete, Jesu akati, muna Mutsvene Johane 14:12, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo uye makuru

kune aya achaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vangu." Mazvicherechedza here izvozvo? Cherechedzai, zvino, akanga ari Mwanakomana waMwari achivimbisa kumutendi, kuti zvinhu zvikuru kupfuura zvaAkaita, (mumazuva ano okupedzisira) kuti mutendi achaita zvinhu zvikuru kupfuura zvaAkaita. Mutsvene Johane, chitsauko 14, ndima 12. Ndizvo here? Unotenda here kuti Jesu akazvitaura?

63 Cherechedzai, apo Jesu akasika chingwa; Akatora chimedu chechingwa, ndokusika chingwa chaive chagara chiri chingwa. PaAkasika hove; Akatora hove yakatanga yakasikwa iri hove, ndokuita imwe hove kubva pairi. Ndizvo here? Akatora mvura, iyo yaigona kuzova waini, ndokuita waini nayo. Ndizvo here? Asi takaMuona pakati pedu, mumazuva ano ekupedzisira, achisika zvinhu chaizvo, pasina kana chero chii chakamira ipapo! Ndizvo here? Kusika tsindi pasina tsindi. Ndizvozvo! Oo, Vari . . . vanoramba vari Mwari. Vanongova Mwari nhasi sezvaVaiva kare uye zvavaimbove, kana zvavachazove. Vachiri Mwari, uye vachidenha mwoyo kuti izvitende, "Zvinhu zvikuru kupfuura izvi, iwe . . . pasina chinhu chekubata uye nekumedura kubva pachiri. Wochitaura, uye zvochizova saizvozvo."

64 Cherechedzai zvino, tinoona kuti zvaKe . . . Akaratidza. Mabasa aAkaita airatidza kuti Aiva Mwari, airatidza kuti Aiva. Nokuti akati, "Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka musaNditenda."

65 Uye Mukristu haaigona here kuti nhasi, "Kana ndikasaita mabasa eMuponesi wangu, musanditenda"? Maona?

66 "Sezvo Baba vakaNdituma, neniwo Ndinokutumai." Uye kana wakaita mabasa, mabasa ekusika aBaba vakaMutuma, saka ichocho chisikwa . . . Kristu (Musiki) anotituma, anoita mabasa aKristu Musiki. Maona? "Sezvo Baba vakaNdituma, neniwo Ndinokutumai. Uye kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, musanditenda."

67 Zvino Mukristu nhasi anofanira kuita Hupenyu hwakaitwa naKristu kana kuti tine kodzero yekuti, "Hazvina kudaro."

68 Cherechedzai zvino, mabasa aKe akaMusika . . . kana kuti akaMuratidza kuva Musiki. Mabasa aKe aAkaita akava korona yechapupu chehupenyu hwaKe, kuti Aive "Musiki"; hapana nzira yekunzvenga pazviri. Naizvozvo, pavakapa chipo chendarama, vakanga vachiwirirana zvakakwana naMwari nechipo chavo. VakaMupa ndarama, iyo yakaMuzivisa saMwari. Nguva dzose korona, korona yendarama . . . musoro wendarama, waMambo Nebhukadhinezari. Zvose, munoona, izvozvo . . . nguva dzose Mwari vanomiririrwa nendarama.

69 Zvino: *zvinonhuwira*. Tinoda kuwana izvi nekukurumidza. *Zvinonhuwira* ndiko "kushumira kuna Jehovha." Zvino, kana muchida kunyora Magwaro aya pasi, Revhitiko 2:2, naRevhitiko 16:6 kusvika 15. Tinoona kuti ndiwo hurongwa wehuprisita,

hwekupa chipiriso kuna Jehovha. Zvino paakapa chipiriso, chaifanira kugadzirwa uye chosanganiswa nezvinonhuhwira kuti chive chipiriso chezvivi, vaitora zvinhu zvakasiyana-siyana ndokuzvisanganisa. Kuitira chipiriso choupfu, kuitira chipiriso chekuzunguzirwa, zvinonhuwira zvaiwedzerwa. Nokuti, zvaigamuchirika kuna Jehovha kana zvaive zvakazodzwa ne*zvinonhuwira*, zvinoreva kuti "ishumiro kuna Jehovha, Mwari." Uye, zvino, tinoona kuti iYe ndiMwari. Zvino vakaMuunzira zvinonhuwira, waiva mufananidzo wekuti Akanga ane shumiro kuna Jehovha. Jesu Muranda waJehovha.

70 Zvino, muna Mutsvene Mateo 12:15 kusvika 21, tinoona kuti Akanga ari Muranda waJehovha, "Tarirai muranda waNgu, WaNdinofarira" (uye Aive) "uye Ndaisa simba raNgu paAri." Saka hupenyu hwaKe hwakazodzwa nezvinonhuwira, kuti ashumire Jehovha. Chipo chakadini icho vachenjeri vakapa! Munoona, chaive chimwe chinhu kune . . . chi—chipo chavakapa, chaiva chimwe chinhu chaizivisa Jesu soMuranda waJehovha.

71 Zvino dai taingokwanisa kuita izvozvo, kuratidza hupenyu hwedu. Munoona, hupenyu hwedu kuti huratidzwe semuranda waJehovha. Ndizvo zvaiitirwa zvinonhuwira, zvakaMuita Muranda waJehovha.

72 Zvino, *mura*, m-u-r-a, yaiva "kuzodzwa parufu." Tinoona muna Mutsvene Johane, chitsauko 19, ndima 39, kuti kuenda ku—kushumiro yekuvigwa kwaJesu, paya Maria navamwe pavakaenda, vakatora mura iyi kuti vaMuzodze nayo; nokuti Anofanira kuva Muranda worufu waJehovha. Maona? Mumwe munhu aifanira kufa. Ikoko kwaive kushumira kwaifanira kuitirwa Mwari, uye hapana aikodzera kuriita kunze kwaMwari pachaVo. Saka, kuunza mura—mura, zvichiratidza kuti neHumwari, uye nekushumira, kuti iYewo aive akazodzwa nemura; kuti Mwari uyu aifanira kuurayiwa kuti aponese uyo asina kukwana. Oo, chinhu chikuru zvakadini!

73 Zvisikwa zvose zvakarasika. Takabva mukupfuura nemazviri muZvisimbiso Zvinomwe. Munoona, zvisikwa zvose zvakarasika, zvose zvakanga zvaparara. Zvose zvaiva zvaSatani. Akava mugari wenhaka yazvo uye achiri muridzi wazvo. Zvirokwazvo anodaro. Ndicho chikonzero tiri kurwa nekuva nematambudziko ese aya. Ndiye anotonga humambo hwose; Satani anodaro. Hurumende yese, mambo wese, humambo hwese, hunotongwa naSatani. Pasi rose rinotongwa uye rinotungamirirwa naSatani. Ndicho chikonzero tine matambudziko atinawo. Chero mudzidzi weBhaibheri upi zvake, kana chero chinhu zvacho, chinogona kukuudza kuti Satani . . . Saka, Bhaibheri pachaRo rinoti akadaro, munoona, kuti anotonga nyika. Asi Kristu achava Mugari wenhaka kwairi, pari zvino ndiYe Mudzikinuri wedu. Uye Akauya kuzodzikinura zvisikwa zvose, uye hapana chaigona kuzviita kunze kwaMwari pachaVo.

74 Ndicho chikonzero Mwari vasingaiti chinhu kunze kwemunhu. Vanogara vachishanda kubudikidza nemunhu nekuti Vaitofanira kushandisa munhu. Munhu ndiye waVaifanira kushandisa kuratidza hunhu hwaVo hweMuponesi. Vakatozomuita ari mumufananidzo waVo, kumuita chimwe chinhu chakafanana naVo, nekumuisa parusununguko rwokuzvisarudzira uye vomurega achiita nechero nzira yaanoda. Aigona kutora sarudzo yake. Uye Vaiziva kuti munhu iyeye, nokumupa sarudzo iyi, aizowa. Saka nekuda kwekuti Vaitofanira kuita izvozvo, Vanodzokazve voita munhu wacho mubati pamwe naVo, uye hapana chavanoita kunze kwekunge Vachiita kubudikidza nemunhu!

75 Basa rose rerudzikinuro rakauya nemunhu! Hareruya! Rufu rwakauya nemunhu wekutanga, Hupenyu hwakauya naAdhamu wechipiri. Maona? Hezvoka izvo, haVana chavanoita nokuti Vaitofanira kushandisa munhu pana izvozvo, zvino Vanoshandisa munhu kudzikinura zvakare. Saka Mwari vakava Jehovha, kana kuti, Jehovha aka-. . . Ivo ndiMwari, zvino Vakave mwa—Mwana. Vakava muchimiro chechivi, kuti Vagodzikinura mutadzi. Munoona, hecho chinhu chacho chose.

76 Zvino, tarisai izvo. . .kuti zvakakwana zvakanaka sei zvipo izvozvo muna Jesu Kristu; munoona, ndarama, ichitaura nezveHumwari hwaKe. Zvino, vakanga vasiri vahedheni. Vakanga vakafemerwa naMwari. Vakanga vasiri kufungidzira chimwe chinhu. Zvinoratidza ipapo chaipo, kunyangwe Vachenjeri, kuti vakaona zveMweya. Nokuti chipo chavo ivo, chavakapa, chakaratidza nekutaura zvakanaka pamusoro pechapupu chavo kuti vakaona Chiedza cheMweya. Nemhaka yei? Chinotaura zvakakwana. Vakaunza *ndarama*, "Humwari." Vakaunza *zvinonhuwira*, "shumiro." Uye vakaunza *mura*, kuitira "rufu" rwaKe, paAive Mucheche, ameni, zvichiratidza kuti Mwari vaizouraiwa munyama, ameni, kuti zvigodzikinura munhu akawa. Ko vanhu vangaramba sei izvozvo?

77 Paunocherechedza: Tiri kumboitei pano? Takabva kupi? Kana kuti ibasa rei ratinaro zvatiri pano? Hatina kuiswa pano nemasanga, takaiswa pano nechinangwa uye tinofanira kushumira chinangwa ichocho. Asi zvakadaro tadzoka pahwaro hwerusununguko rwekuzvisarudzira kwatinogona kuChishumira kana kuChiramba, sezvakaita Adhamu pamavambo.

78 Ndakatarisa, vasikana vaduku ava pano, Hama. . . Chii. . .? Ndinotenda kuti mudzimai mudiki aridza piyano, uye nda—ndanga ndiri kuvanzwa vachiimba. Takanga tichitaura nezvavo, tiri munzira tichikwidza kuno. Kune mhuri diki yakapira hupenyu hwayo hwese nezvose kuna Kristu. Tarisai mhuri iyoyo, kuti yakarongeka sei. Tarisai vasikana vadiki avo. Vanga vakamira kumusoro kuno, mu—muenzaniso wehudzimai wechidiki, hwezera rekuyaruka. Uye zvisinei. . .

79 Mavhiki mashoma adarika ndakapinda se . . . Handizive kuti zita renzvimbo iyi rinonzii zasi uko, kuNew York zvino, kwavanongova nemabhuroko emuguta evechidiki vakapanduka. Zvino, vasikana ivavo vari zasi uko vaka—vakapfeka hanzu dzekutuhwinisa uye—uye pasina chimwe kunze kwerimwe remabhikini madiki aya, sezvavanoridaidza, pamusoro pazvo. Uye, oo, kungounga- . . . Vanoita chero chinhu chiri mupfungwa dzavo, zvisinei nokuti chii, ndicho chikonzero—chikonzero vari vechidiki vakapanduka. Vanogona kungoita chero chinhu. Kana vachida kuvata pasi, vasingamuke, vanongovata pasi uye havamuki. Kana vachida kuenda, kunoita chimwe chinhu, vanochiita; kana vakasadaro, havadaro. Kungoti, pfungwa dzavo dzichingofamba! Zvino pfungwa dzisina kutendeuka dzinosvika kupi? Hauna kodzero yokuita izvozvo, nokuti hausi wako; wakatengwa naMwari, Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari akaitwa nyama. Asi, munoona, kuungana kwechivi!

80 Zvino muchiona vasikana vaduku, vechidiki vakadaro vakamira kwazvo; handiti, kwandiri, chiedza munguva yerima. Chiedza chakamonyoroka, cheshamhu yakamonyoroka yaMwari, mumatenga kuratidza kuti panogona kuva neChiedza! Panogona kuva nekururama pakati pechivi!

81 Maria, amai vaJesu, muguta reNazareta, guta rakaipisisa kwazvo raiva panyika, asi kubva imomo Mwari vakasarudza mudzimai kwaye mudiki kuti abereke Mwanakomana waVo; chirindiriro, chibereko chaifanira ku . . . Mwana chaaifanira kuberekwa nacho. Vakatora munhu akadaro kuti azviite. Mwari vanoshanda kuburikidza nevanhu kuti vadzikinure vanhu. Vanogona kukutora, voshanda kuburikidza newe kudzikinura vanhu, kana ukazvipira zvakazara zvese zvauri.

82 Kana uri mudzimai wechidiki, zvipire hunhu hwako. Uri jaya, zvipire hunhu hwako, zvipire pfungwa dzako, zvipire kufunga kwako, zvipire mwoyo wako, zvipire mweya wako, zvipire zvese zvauri! Uye rega Kristu ashande kubudikidza naizvozvo. Chinhu chakanaka zvakadii! Une nzizi dzekuyambuka, une ma—mazambuko ekuyambuka, une—une nzvimbo dzine rukato, une matenhere, une masango, une nzvimbo dzine rima, une zvikomo zvakakwirira, une mikwidzwa mirefu. Uri kuitei? Rimwe zuva uchafanira kumira wotarisa kumashure, woona kwawakabva, uye uchatongwa negwara raunotora. Isa zvako—zvako zvose, pfungwa dzako nemifungo yako, paNyeredzi iyoyo yoKuchamhembe (pamoyo waMwari) uye usabva paIri. Gara naYo. Ichakuunza yakananga sezvaYakaita Vachenjeri, yakananga chaiko kuna Kristu.

83 Zvakanaka, vakaMuzodza nemura. Tinoona zvino, muna Johane 12:1 ne 7, ndizvo chaizvo zvaAkaita. Akanga ari Muranda waMwari akakwana, uye vakaita kuti Azodzwe nezvipo zvaKe zvose zvaMwari. Aive akazodzwa nezvipo

zvaMwari zvese nekuti Aive Mwari. Akanga ari Mwari. Munoona, *ivo* vakaMuunzira zvipo.

84 Zvino, tichava . . . Ndinoshuvira . . . Vanhu vari pano nguva dzose, vazhinji vavo, munoziva, vanokutumira chimwe chinhu. Zvino, kana zvasvika pakutumirawo uchidzosera, handikwanisi kuzviita. Maona? Zviri pasi rose. Handitombokwanisa kuzviita. Uye ndinotenda zvidiki . . . zvinhu zvidiki, uye nezvinhu zvinoitwa nevanhu kuti vazviratidze uye nekutenda kwavo nezvimwe zvakadaro.

85 Zvino, izvi ndizvo zvakaitwa nevarume vapfumi ava. Varume ava Vachenjeri, vakatenga ndarama, ndarama yakachena. Vakauya nezvinonhuwira, zvakanakisisa zvavaigona kuwana. Vakauya nemura, yakanakisisa yavaigona kuwana.

86 Tinocherechedza muno, muna Mutsvene Johane 12, tinoona kuti mudzimai uyu . . . dai taiva nenguva yekuzviverenga, asi handisi kuda kukugarisai kwenguva yakarebesa, munoona, nokuti ndinoziva kuti mangwana Muvhuro, uye imi . . . vamwe venyu vanofanira kushanda. Tarirai, vakaunza . . . Mukadzi uyu—uyu akauya nemura iyi, chinhu ichocho chakazodzwa chinodhura, kuti chibvise munhuwi werufu. Zvino akaputsa chinu chemafuta ichi ndokuchidururira pamusoro waJesu. Zvino Judhasi akati, "Nhai, aya ainofanira kupihwa kuvarombo." (Akati, "Kwete nokuti aiva neruremekedzo nevarombo, asi aiva mbavha pakutanga kwacho, aitakura mari yacho.") Ndokuti, "Aya aifanira kutengeswa, panzvimbo yokuaisa . . . "

87 Zvino Jesu ndokuti, "Musiyei akadaro! Nekuti aita izvi . . . " AkaMuzodza, kuitira kuvigwa kwaKe. Maona? Mukadzi uyu, achitenda zvikuru kuti zvivi zvake zvakaregererwa kusvikira akapedza mari yake yose yaakanga anayo, uye akatora chinu chemafuta akachiputsa ndokudira mafuta ndokungozadza kamuri iyi nokunhuhwira kwakanaka kwemura iyi, yaakanga aMuzodzera rufu rwaKe. Zvino, munoona, akashumira asingazivi zvaaiita, asi aitenda zvikuru kuna Mwari.

88 Uye kana uchitenda zvikuru nekuda kweKisimusi, hazvisi zvekuti, "Ndi—ndinopa vekwaJones chipo; uye vanozondipawo chimwe, ndichaona zvandawana mangwanani." Wadii wavhura moyo wako uone zvirimo, uone kuti chii chauinacho mukati *umu*. Uye wogamuchira . . . kana tikauwana usina chinhu, mungori nezvitendwa zvakaipa ne—ne—nekufunganya kwenyika, wadii kukumbira Kristu kuti auzadze manheru ano? Manheru ano, kuitira kuti uwane zvinoreva Kisimusi zvechokwadi. Ndi—ndiKristu mauri; Mwari, vachigara mumoyo wemunhu. Ndizvo zvinoreva Kisimusi yechokwadi.

89 Asi, munoona, nhasi tave vanhu vane maonero akaipa kwazvo. Ndidhiyabhore ari kutipinza neipapo, (pane zvihwitsi zvechimuti zvakapendwa, ne—nemhembwe ne—nemurume ane ndebvu, uye anobhururuka nemumhepo kunge ndege, uye

oshanyira pasi rese nedzimba dzese aine chitsamha chematoyi kumusana kwake, uye oshanyira mwana wese) uye iyo—iyo ingori nhema! Ingori, nhema, chaiyo. Maona? Zvino, maona? Asi nei? Dhiyabhore akazviita izvozvo kuti agone kukanganisa pfungwa dzevanhu.

90 Nyika yezvekutengeserana yakapinda mazviri uye ivo . . . Handiti, vanoita inokwana munguva yeKisimusi kusvika vanokwanisa kuzorora kwegore rose, potse-potse. Ndakataura nemumwe mutengesi rimwe zuva, akati, "Ndipei mavhiki maviri aya, uye dai ndisingafanirwe kuchengeta varume vangu pano," akati, "ndaizomirira kusvika Kisimusi inotevera; ndaigona kuenda kunoraura, chero chandinoda kuita, kusvikira Kisimusi inotevera." Akati, "Asi ndinosiya vakomana vachishanda." Akati, "Kungovachengeta vari pano kuti bhizimu rangu rirambe rakavhurika uye rinoramba—rinoramba richiita kuti vashandi vangu vagare vachibhadharwa nezvimwe." Akati, "Handina mari yandinoita kusvika—kusvika nguva yeKisimusi yasvika." Munoona, chave chinhu chikuru chezvekutenga nekutengeserana apo zvichifanira kunge zviri zvekunamata; kunamata.

91 Zvino, Mwari, vakazodza Jesu nohuzaro hwaVo kusvikira . . . Akanga ari Chipo chaMwari kunyika. Zvokuti vachenjeri vari kuratidzwa zviri pachena, kuti vari kupa chipo chavo kwaAri; zvikaratidza mumwoyo yavo kuti vaiziva kuti Aiva ani, uye nezvaAizovaitira. Saka (ndosaka) chinhu chekutanga chavakaita, vakawira pasi, zviri muhurongwa hwakakwana, ndokuMunamata. Vasati vatombozvinzwisisa, vakawira pasi ndokuMunamata ndokubva vapa zvipo zvavo. Ndiyo nzira yekuva neKisimusi yechokwadi: Munamate, wozopa chipo chako; kupa mutumbi wako sechibayiro chipenyu, chitsvene uye chinogamuchirika kuna Mwari.

92 Asi munoziva chii, mushure mekunge vachenjeri vaita izvozvo? Baba namai vaKristu . . . baba vasiri nyakutumbura (chokwadi) uye zvakarewo naamai, nokuti Mwari vakanga vari zvose baba namai vaKe. Asi tinoona kuti vakagamuchira zvipo izvi kubva vachenjeri ava. Ndokusaka vakanzi vachenjeri. Vakanga vakachenjera. Vaive zvechokwadi . . . vaiva nohuchenjeri. Dai vanhu nhasi vaizova vakachenjera kudaro, kungochenjera kudaro! Zvinotorera munhu akachenjera kuuya kuna Kristu. Munhu anotsauka kubva kwaAri haasi munhu akachenjera. Asi zvinotora munhu akachenjera, kuti auye kuna Kristu.

93 Zvino cherechedzai! Uye mushure mazvo vachenjeri vachiMuzivisa zvaAchange ari, uye tinoona kubudikidza neRugwaro kuti ndizvo chaizvo zvaAiva: Mwari vachishumira kuitira rufu. Kuitirei? Humwari huri mukushumira Mwari kuitira rufu. Jesu aive Mwari mushumiro yerufu, kuti adzikinure nyika. Asi nyika yakaitei kwaZviri? VakaZviramba.

VakaZviramba. Sei? Vamwe vavo, chikamu chikuru chavo, vakaita izvozvo nokuti: nokuti Akafa! Vakati, "Haaigona kuva Mwari ofa." Munhu (mutumbi) wakanga usiri Mwari, asi Mwari vakanga vari mumutumbi. Mutumbi uyu unofanira kuparara. Kristu wacho ari mauri ndicho chinhu chega chinogona kukumutsa. Ndivo Mwari, Mwari mauri.

94 Zvino, cherechedzai! Zvino, zvimwe chete nazvino, vanoramba huMwari hwakaratidzwa. Muri kuzvibata here? Zvirokwazvo vachaisa zita ravo mubhuku rechechi voti, "Ndichaedza kurarama nechitendwa ichi." Vachaita mhiko neizvi. Asi kana zvasvika pakugamuchira Mwari, nokuratidza mhando imwe chete yechipo sezvavakaita . . . kuti unobatanidzwa nechipo chako, kuti unopa zvese zvauri kwaHuri, kuHumwari hwakaziviswa. Zvino unobva wazvibatanidza naMwari, nekupa zvese zvauri, zvauri, kuna Mwari pachaVo.

95 Zvino, Kristu muzuva rino, ratiri kurarama mariri zvino, achiri Mwa- . . . kuZviratidza: Mwari, pakati pevanhu. Achiri Mwari, nokuti iYe iShoko. Uye kana tichiona Shoko richizvirarama pacheZvaro, ipapo tinobva taziva kuti munhu haakwanise kuita izvozvo. NdiMwari, Shoko richiratidzwa nemunhu. Uye Jesu pachezvaKe akati, "Mwanakomana haana chaanogona kuita maAri. Handina chandinogona kuita, Ndiri Munhu," Jesu akadaro. "Asi Baba vaNgu vanogara maNdiri, ndiVo vanoNdiratidza zvinhu zvose zvaVanoita." Ameni! Hezvoka izvo! Chii ichocho? Mwari vachiratidzwa mumunhu. Zvino, zvimwe chete nhasi; kuti Mwari, Shoko rakavimbiswa rezuva rino, rinogona kuZviratidza mauri. Ameni! Zvino ipa zvose zvako kwaRiri. Ratidza kuti unotenda maRiri. Ripe Humwari: Ritende, shumira, uye wogadzirira kufa kune zvauri uye nepfungwa dzako. Asi nhasi Rinorambwa sezvaRakanga riri kareko.

96 Cherechedzai, Mwari vakatungamirira Vachenjeri nezvipo izvozvo. Kwemakore angaita maviri, vakatevera Nyeredzi iyoyo. Maona? Uye zvinoratidza kuti Zvaisagona kuva chimwe chezvinhu zvepamasikirwo chakaitika. Maona? Nokuti dai nyeredzi, dzichiyambuka makwara adzo, dzingadai dzakayambuka, zvaizoratidza kuti pane chimwe chinhu chakasiyana. Nokuti . . . kunze kwekunge Vachenjeri vaya vakaIona, nguva refu zvisati zvaitika, uye voziva kuti dzaifanira kuyambuka nenzira iyoyo; munoona, mumakwara adzaipinda maari. Uye dzakayambuka paBheterehema panguva iyoyo, ndokutanga kubva kumusoro ikoko, zvisati zvaitika, vachiziva kuti mitumbi iyi yemuchadenga iyi yakanga ichifamba ichienda ikoko.

97 Zvino, Mwari vakatungamirira Vachenjeri nokuti vakanga vane zvipo zvakakodzera. Mwari vakatungamirira vachenjeri ava nemhaka yokuti vakanga vane chipo chaicho chakaratidzwa

chokuzivisa Mwanakomana waVo. Oooooo, ini zvangu! Muri kuzvibata here? Varume vakanjera nhasi, simukai muZita raShe, kwete nechimwe chinhu chenhema, asi nechipo icho Mwari vakavimbisa chezuva rino, uye Mwari vachakutungamirirai kuti muzive kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Hezvoka izvo: varume vakachenjera!

98 Mwari vakatungamirira zvipo izvozvo nokuti zvakanga zviri zvipo zvokuVazivisa. Varume vakachenjera, nhasi, vanogona kutarisa kubva kune zvetsika dzechechi uye nezvinhu zvose zvenyika, kuShoko raMwari Benyu! Uye Mwari vachazivisa Mwanakomana waVo neShoko raVo, nokuti ndiZvo zvaVari. "Ini naBaba vaNgu tiri mumwe." Uye, "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu." Uye Shoko rimwe chete nhasi, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi nokusingaperi. Zvino munhu akachenjera anoRitevera, nokuti ndiRo rinochengetedzwa naMwari kuti vaZviratidze naRo. Ameni! Chipo! Chipo chechokwadi, chakaziviswa chaMwari, Mwari vanochiunza chichipfuura nemune zvose zvakadaro, kuti Vazviratidze nacho.

99 Uye ndiko kuziviswa kwakaitwa Kristu: nendarama, mura, nezvinonhuwira, navarume ivavo vachifanofananidzira nokuratidza mumufananidzo kuti hupenyu hwaKe hwaizovei. Maona? Mwari vachiratidzwa mukushumira, kuti vafe kuti Vagone kudzikinura nyika, nokuti Aifanira "kuponesa vanhu vaKe kubva pachivi chavo." Kwete kuponesa pasi rose, kuponesa vanhu vaKe kubva kuchivi *chavo*. Bhaibheri rakati pano, "Nokuti nemu—muZita raKe Marudzi achavimba." Maona? Marudzi achavimba muZita raKe. Ameni! Nemamwe mashoko, Mwenga, avo *vakadanwa* kubva kuMarudzi, vachange vachivimba muZita raJesu Kristu, "MuZita raKe Marudzi achavimba." Zvino, Mwari vakavatungamirira, nokuti vakanga vari . . . zvipo zvavakanga vachipa, zvakanga zvakakodzera kunguva yacho.

100 Cherechedzai! Sezvandareva, Mwari vane . . . Va—Vakagovera Shoko raVo pamavambo, muna Genesi. Ndinogona kutora Genesi ndokuratidzai mazera ose ari muBhaibheri, achidzika kusvika kuzera rino pano. Zvinamato zvose zvakatsauka nezvinhu zvese zvatinazvo nhasi, ndinogona kukuratidzai chaipo pazvaive muna Genesi. Maona?

101 Mwari vakapa Shoko raVo rakawanda zvakadai *apa*, rakawanda zvakadai *apa*, rakawanda zvakadai *apa*, rezera rega-rega. Uye zvadaro Vakatumira muporofita, akazodzwa kuti aite kuti Shoko iroro riitike, uye rinotsigira mumwe akanga achizouya. Munoona, saMhesiya, akagara achitsigirwa. Muporofita wese muhupenyu hwake pachake, hunhu hwake pachake, Shoko rakapihwa rezuva iroro, aiuya uye ozadzisa Shoko iroro rakanyorwa uye ofanotaura zvaizove mumwe

wacho. Uye mumwe nomumwe wavo akataura nezvaKe (ameni) nokuti Akanga ari huzaro, Akanga ari Musoro wevaporofita, Aiva Shoko raMwari, Aiva vaporofita. Ameni! Heunoi Uyo. Cherechedzai! Zvinoshamisa sei zvaAiva: mumwe nomumwe wevaporofita ivavo.

102 Zvino paAkauya, Akanga ari huzaro hwevaporofita vose, vachiratidzwa; nokuti vakanga vari Shoko raShe, uye Akati pachaKe, "Kana muchidaidza ivo kuti vamwari, avo Shoko raMwari rinouya kwavari, ko mungaNdipa mhosva sei paNdinoti 'Ndiri Mwanakomana waMwari'?" Munoona, kunyange avo muzera iroro vakaziviswa savanamwari, Mwari vakavadana, pachaVo, "vanamwari." Vakanga vari chii? Vaive kuratidzwa kweShoko raVo. Zvino heunoi Uyu, huzaro hweShoko, Humwari huri mumutumbi, Humwari huchiratidzwa munyama.

103 Tarirai! Nokuti zvipo izvi, zvakaunzwa nevarume ava, havaikwanisa kuunza izvozvo kumuporofita. Zvingadai zvisina kukodzera. Maona? Zvipo izvozvo hazvaigona kuenda kuna Eria, hazvaigona kuenda kuna Mosesi, zvaifanira kuuya kwaAri. Zvino sezvo zvipo izvozvo zvainyatsoitirwa zuva iroro, uye zvaive kuratidza kuti Aiva Ani kubudikidza nezvipo izvozvi, zvino hevanoi Mwari vachiuya vachiMuchengetedza. Ndokuvachengeta, kwemakore maviri zasi ikoko, kusvikira vawana Chiedza Chakakwana. Zvakakodzera sei!

104 Zvimwe chete nhasi. Tine vanhu vakangovimbika, vanhu vakanaka, vanhu vechokwadi. Asi, munoona, mune izvozvo, pachava nechimwe chinhu chichabuda, icho Mwari vanogara vachiita, kuratidza zuva rino. Rino ndiro zuva apo zvinhu izvi zvinotaurwa kuti zvichaitika. Hapazovi nevakawanda, vangori vashoma-shoma, kwazvo vachaponeswa. Bhaibheri rakataura kudaro. Pachange paine vashoma bedzi.

105 Jesu pachaKe akati, "Sezvazvakanga zvakaita pamazuva aNoa, apo vanhu vasere vakaponeswa." Mweya misere, kubva mu—muchizvarwa chakafanana nechino. "Sezvazvakanga zvakaita pamazuva aNoa." Chaiva chii? Vanhu vakuru, vane tsika, vashandi vakuru, vavaki vakuru, zvinhu zvose zvikuru sezvavaiva nazvo. Vakagadzira budiriro yehungwaru ino yakangofanana nezvairi, zvinhu zvikuru zvavaiva nazvo. "Uye sezvazvakanga zviri mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava pakuuya kwoMwanakomana woMunhu." Maona? Uye Mwari vakaita kuti Noa aratidze Shoko raVo rakavimbiswa. Rakanga rakakodzera chaizvo. Areka yakanga yakakodzera kuShoko raMwari raakataura, rokuti Vaizoparadza munhu. Asi akaponesa zvaaigona.

106 Zvino, vachenjeri ava, vachiunza zvipo zvavo, vakazivisa. Zvipo zvavo zvairatidza kuti Chaiva chii, uye ndicho chikonzero Mwari vakachengetedza zvipo izvozvo kuburikidza nekufamba kwese kwavakaita. VakaChichengetedza kusvikira vasvika

nezvipo izvozvo, nokuti zvakanga zvakakodzera panguva yacho. Chechi yangu iri kuzvinzwisisa here? Ndizvo zviri kuitika zvino! Ndinovimba kuti hazvisi kupfuura nepamusoro penyu. Ndinofanira kuzvitaura nemufananidzo, potse, munoona. Asi munoona here? Ndizvo zvinhu zviri kuitika zvakafanira kuzuva rino, Raodhikia. Inguva yakafanira, ndicho chikonzero Mwari vakaChichengetedza. Munoona, vakanyatsoChiunza kuti chiVazivise. Zvipo, nyangwe zvakakonzera rufu, zvakaisa chigumbuso munzira yavo. Inguva yakafanira, ndizvozvo, yakakodzera zuva racho. Ndicho chikonzero Mwari vakaChichengetedza, nenzira yaVakaita. VachaChichengetedza, kusvikira chinangwa chaVo chaitwa.

107 Oo, ndakaverenga imwe nyaya, yauya mupfungwa dzangu kasiri kare, yechimwe chinhu chakada kudaro. Pakave neguta guru, muno munyika ino, uye . . . New York. Uye raive zuva raizoteverwa neKisimusi. Zvino kwaiva nemhuri yevarombo. Baba vadiki vakare, vaive neTB, uye vaive . . . uye mudzimai wavo aiva neTB. Vakanga vachishaiwa. Uye ivo—ivo vakaita seku . . . Vakanga vari ndonda saka hapana aizovapinza basa. Vakanga vasina kudzidza, uye ivo—ivo . . . vanhu vakanga vasingavadi.

108 Vaingove murambiwa, vakava mudzengereri. Kungo . . . munoziva chinonzi mudzengereri, anongoenda kumwewo uye—uye wonhonga chimwe chinhu, wochitengesa wowana zvaunogona; mari shoma yavanowana pachiri, vanoedza kurarama nayo. Sekungo . . . semutengesi kana chimwe chinhu, mumugwagwa; anoenda kunotenga mapini netsono nezvekusonesa, uye nechero chavanogona. Uye—uye ozvitora, uye—uye pamwe otenga pakiti racho nesendi, ozvitengesa nekobiri remasendi mashanu; uye owana masendi mana papakiti, uye pamwe mukufamba kwezuva. Unoti, "Ikoko—ikoko kukohwa pakuru." Asi chingofunga, zvese zvaaizotengesa pazuva. Pamwe aiita masendi makumi maviri, makumi matatu pazuva, uye aine mhuri.

109 Uye mu—mudzimai wake mudiki, ari ndonda, a—akafa.

110 Zvino yakanga yava kusvika nguva yeKisimusi. Zvino musikana mudiki, akange abatwa . . . nekuda kwekushaya zvokudya zvinovaka muviri, asingawani mhando chaiyo yechikafu chakafanira nezvinhu; akabatirawo TB, zvakare. Zvino akanga ari musikana muduku, ane makore angangoita masere, mapfumbamwe okuberekwa, gumi. Zvino akanga asati ambova nechidhori cheKisimusi. Uye ndicho chaaida sechipo, chaive chidhori.

111 Uye baba, vasingakwanisi kumurapisa nezvimwe zvakadaro, vaiva . . . ivo—ivo vakaona kuti musikana mudiki akanga achidzikira nokukasika, zvino vakaedza nepavaigona napo ku—ku—ku—kuti vaunganidze mari yakakwana yokumutsvagira chidhori chepaKisimusi; dai vaingokwanisa bedzi kuwana

inokwana kumutengera chidhori chidiki! Zvino nguva yeKisimusi yakanga yave kusvika, mamiriro ekunze akaipa akatanga, kasikana kadiki kakatanga kuita mabayo, zvino—zvino ndokufa, mavhiki mashomanana Kisimusi isati yasvika. Zvino baba, zvechokwadi, vakarwadziwa pamoyo, vakaenda kugaba ravo duku ndokubuditsa mari. Zvino vakafunga nezvemusikana wavo mudiki, zvino aida chi—chidhori setusikana tudiki. Munoona, ndiamai vadiki vari kuuya.

112 Munocherechedza kuti musikana mudiki, anoenda kuchidhori, nokuti iye. . . ndiwo hunhu hwake, ndi—ndiamai vari kuuya. Achava amai rimwe zuva kana akararama nezvose. Munoziva, hunhu hwake. Ndicho chikonzero musikana mudiki achifarira kachidhori kadiki, anoda kukachengeta; nokuti chaizvoizvo, iye—iye ndiye mudiki, chaizvoizvo, amai va—va—vadiki.

113 Zvino aida kachidhori kadiki, uye akanga asati ambova nacho. Uye Baba vakanga vachengeta yose yavaigona kuti—kuti vamutsvagira kachidhori kadiki. Zvino, saka, akafa.

114 Zvino baba vacho vakaita sekurasika njere. Mudzimai wavo akanga atorwa, kasikana kavo kaduku, zvino pfungwa dzavo dzakaita sedzakasvika panzvimbo yekuti ivo—ivo. . . zvakadaro ivo—ivo vaienda kunorara manheru ega-ega votaura nekasikana kadiki aka, kunyange zvazvo kaiva. . . kainge kavigwa. Asi vaifunga kuti vai—vaitaura nako, uye vachikaudza, "Zvino, Mudiwa, hazvizotora nguva refu, uye Baba vachakuwanira chidhori ichi chepaKisimusi. Uye—uye Baba vakakuvimbisa chidhori, uye ndi—ndiri—ndiri kuzochiwana."

115 Pakupedzisira, Kisimusi yakasvika. Uye, chokwadi, munoziva zvazviri. Vapfumi vaive nemapati avo—avo makuru; ne—nemakenduru achibvira, nechaunga chikuru kwazvo mumachechi, uye vachitaura nezvaJesu ne—nezvimwe zvakadaro (machechi aidaro), uye achipinda nemumhando dzose dzezvitevedzwa zvemisa, nekuimba, nenziyo dzekisimusi nezvimwe zvese. Vaisaziva zvachose zvaiitika kuseri mumukoto, kuseri kwezvose izvi.

116 Muchinda mudiki uyu seri ikoko, zvino akashushikana kwazvo. Aida kuti musikana mudiki uyu ave nechidhori ichocho zvakanyanyisa, nokuti akanga akumbirisa kuti awane kachidhori kadiki aka. Saka akabuda ndokunomutengera kachidhori kadiki kejira, chinhu chiduku—chiduku, zvichida masendi angaita makumi matatu; chimwe chinhu chakasviba chaainge atenga, zasi padivi pemugwagwa. Zvino hwakanga huri husiku hwaitonhora chaizvo, mhe—mhe—mhepo yakasimba ine mazaya echando ichivhuvhuta, mazaya echando achidonha zvakasimba ipapo; neNew York, iri pamahombekombe chaipo.

117 Uye migwagwa ichizara; uye vanhu vari mumotokari dzavo huru, kwazvo dzelimousine. Nemabiko ekudhakwa,

vari kunze vachinwa, mhemberero yekuzvarwa kwaKristu uye nezvinhu izvi zvatinotaura nezvazvo manheru ano, vachiedza kufunga kuti ndiyo nzira yakanaka yekuzviita; kungonwa kuti vakanganwe kusuwa kwavo kwekare nezvimwe, uye ndiyo—ndiyo nzira yekuzviita nayo. Vose zvavo . . .

118 Ndakamira muchitoro, rimwe zuva, zvino mumwe mukadzi achitaura pamusoro peizvo . . . vasikana vaviri vakasangana uye vaida kuziva kuti chii chavakanga vawanira baba vavo. Zvino mumwe wavo akati, "Saka, ivo . . ." Akavatengera bhokisi reimwe mhando yefodya. Mumwe wacho akati akavawanira bhodhoro rehwiski nechi—nechi—nechipakiti chemakasa. Zvino kana kusiri kupa chipo cherangaridzo yekuzvarwa kwaIshe Jesu Kristu! Uye ndiwo mafambiro azvinoita, munoona, zvinongova zvinhu zvakawanda zvine hunyerekete. Hazvina Kisimusi mazviri zvachose.

119 Uye saka tinoona zvino, murume mudiki uyu, akafamba achidzungaira. Uye aiziva mumwoyo make kuti musikana wake mudiki akanga aenda, asi akaenda akanotenga chidhori chacho zvakadaro. Zvino akafunga, "Ndichangotanga kufamba, ndichamuwana pane imwe nzvimbo. Achange ari munzira muno uye ini ndichamuwana." Zvino akatanga kufamba.

120 Iye—iye akanga asingagoni kuzvinyengedza, akanga asiri seri uko muchitangwena chidiki uye mumubhedha muduku, wakabvaruka-bvaruka, une tsvina; asi, aive avigwa. Saka, iye—iye aiziva. Akafunga kuti aizomuwana mumugwagwa. Akati, "Ndichangoramba ndichifamba." Zvino akanga achidzika nomumikoto, apo vakanga vachiimba nziyo dzavo dzekisimusi nekuenderera mberi. Zvino achidzika nemumukoto, akatakura kachidhori aka, kane tsvina; akakabata mubhachi rake, pari pamwoyo pake, achifunga nezvekasikana kake kadiki.

121 Zvino pakupedzisira mupurisa akamuona, zvino mupurisa wacho akanga anwa zvinwiwa zvishoma pachake, ndokumhanyira mumukoto ndokubata mutana uyu ndokumutendeutsa. Akati, "Uri kuitei uchiwanikwa uri muno?"

122 Akati, "Ndiri kutora kachidhori kadiki aka, changamire, kumwanasikana wangu mudiki."

123 Akati, "Saka, unogara kupi?" Iye ndokumuudza kwaaigara. Akati, "Nhai, uri kuenda kure nenzvimbo iyoyo, wakadhakwa. Dzokera neimwe nzira."

124 Akati, "Changamire, ini—ini handina kudhakwa. Ndakavimbisa musikana wangu mudiki kuti ndai—ndaizomutsvagira chipo chepaKisimusi." Ndokuti, "Chipo chakakodzera kumusikana muduku chidhori chiduku."

125 Zvino iye akati, "Rega ndichione." Saka akamuratidza kachidhori kadiki, kanoita sekane tsvina, kejira. Zvino akanga akachibata mukati make . . . pedyo nechipfuva chake, akabata kachidhori kaye apo iye . . . Saka mupurisa, akati dhakwei

zvishoma, pachake, akamusundidzira ndokutanga kudzika. Murume mutana akadzika nemukoto, uye chando chichidonha nekukurumidza.

126 Uye, saka, mapati epakati pehusiku akatanga. Mangwanani acho akatevera, chando chainge chamira kudonha, zuva rakanga rabuda. Uye saka vanofanira . . . vanhu vese kubva kumapati avo makuru emafaro vaive . . . vakaisa chando pamisoro yavo, kubva pakunwa kwakanyanyisa uye nekupemberera ku—kuberekwa kwaKristu. Uye—uye vazhinji vavo vakanga vakashoshoma nekuda kwekungoenderera, kubva kune zvose zvaiitika.

127 Asi zasi-zasi mumukoto, vakawana mutana uya. Zvino pavakamutendeutsa, akange aine kachidhori kadiki kaya pedyo nemoyo wake. Ndinofungidzira akaenda nechipo chake kwaari. Akamuwana muNyika isiri ino. Iye—iye—iye akaenda nechipo. Chaiva chipo chakakodzera. (Mwari, vane tsitsi.) Zvakadaro zvakamukonzera rufu rwake. Hapana imwe nzira munyika yaaigona kunge akamupa chipo chake, aive avigwa. Asi nzira chete yaaigona kuzviita, kwaiva kuenda saizvozvo. Kachidhori kadiki kakanga kasingarevi zvakanyanyisa, ndinofungidzira, kachidhori kadiki kane chiso chine tsvina, asi icho . . . chii chaakazviitira? Zvakazadzisa vimbiso yaakanga aita. Zvisinei nokuti vanhu vaifungei pamusoro pazvo, maoko ake akasviba pachidhori chidiki, chine tsvina, asi zva—zvakazadzisa vimbiso kumusikana wake muduku.

128 Dzimwe nguva vanotarisa Vhangeri sekuimba, kutamba, vaisaRida Mwari pavakaRiunza, asi zvakazadzisa vimbiso yekuti Vaizopa Mwanakomana waVo. Uye munozivei? VakaMusiya kuti afewo, zvakare, semudzengereri mumugwagwa. Ndizvozvo chaizvo, vakaMusiya kuti afe semudzengereri mumugwagwa. Uye nhasi vanoMutora semudzengereri mumugwagwa, asi Akazadzisa zvaAifanira kuita. Akanga ari Chipo chakavimbiswa naMwari kunyika.

129 Manheru ano, regai ndiMutore seMuponesi wangu kumoyo *wangu*. Regai ndifambe pamberi perufu rwangu, kana chero zvachingave, saizvozvo. Ndakavimbisa hupenyu hwangu kwaAri. Ndinoda kuhuendesa kwaAri. Zvisinei nokuti chii chandinofanira kupfuura nacho, kana ndichifanira kupinda nemurufu, kana ndichifanira kupfurwa; zvisinei kuti chii chinoitika, ndinofanira kusekwa, kushevedzwa kuti "ndinopenga," zvose hazvo, kudzingwa kubva kune mamwe machechi ese eChikristu nezvimwe zvakadaro, Ini . . . chipo chaMwari chandakabata mumoyo mangu. Vakachipa, ndinoda kuchiendesa kwaVari.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

130 Zvipo zvakakodzera zvandinotaura pamusoro pazvo, chaive chipo chakakodzera nekuti musikana mudiki . . . akanga ari musikana muduku, aizova, amai vadiki (angadai akava),

chipo chakafanira chakanga chiri chidhori chidiki. Chipo chakakodzera icho Mwari, Musiki, vaigona kupa kuzvisikwa zvaVo, aizove Muponesi kuti azviponese kubva muchinhanho chazvaive zviri mazviri. Handizivi, manheru ano, tave kusvika kuKisimusi zvino, uye ndinofunga kuti ndiyo ingave mharidzo yokupedzisira yatinonzwa pakati pazvino neKisimusi, kunze kwekunge tawana mharidzo yeparedhiyo yemumwe munhu.

131 Handizive, manheru ano, kana takagamuchira Chipo chatakavimbiswa naMwari: Hupenyu Husingaperi, kutenda muna Kristu uye nokugamuchira Mweya Mutsvene. Kana usati, ungada kugamuchira chipo chaMwari chaicho, chechokwadi cheKisimusi, ungasimudza ruoko rwako here? Iti, "Hama Branham, ini—ini handizivi, nda—ndakaZvitenda dzimwe nguva. Uye ndakatarisa zvinhu zvandinoita. Uye ndinoita sekunge, zvishoma, ndiri kupokana." Rega—rega kupokana zvakare, shamwari.

132 Munoona, nguva ya—yanyanyisa kupera kuti tinge tichipokana zvino. Ngativei nechokwadi chaicho nazvo. Iti, "Ndinamatireiwo, Hama Branham, uye ndinoda ku. . . Chipo chaMwari kunyika, ndiJesu Kristu. Ndi—ndi—ndinoda kuti ino ive Kisimusi chaiyo. Ndinogamuchira Mweya Mutsvene mumoyo mangu. Unogona kunditakura mukati memadutu ese ehupenyu, uye rimwe zuva ndinogona kuuya muHupo hwaKe nechipo ichi cheHupenyu Husingaperi. Achandigamuchira pahwaro ihwohwo, ndiyo nzira yega yaAchazviita nayo."

133 Kana kuti, une chipo chakakodzera here manheru ano? Maonero chaiwo akanaka? "Baba, ndichaKuteverai kwese kwaMuchaenda. Chero chaMataura kuti 'Ita,' ndichachiita. Chero chipi chinotaurwa neShoko reNyu kwandiri kuti, 'Ita,' ndichachiita. Hongu, Changamire, handina basa nezvinotaurwa nevamwe vose, ndichachiita nekuti ndinoda Chipo cheNyu; Hupenyu, uye Kristu iShoko."

134 Kana usingakwanise kutenda Shoko rose, woti, "Saka, handizivi, ndi—ndinotenda kuti. . . *izvi*, ndinotenda *izvo*, asi handingokwanise kuenda *uku*, handikwanise kuenda *uko*." Wakafanana nemakumi manomwe vakaenda. Havagoni kugamuchira Shoko rose nokugamuchira Kristu muhuzaro weHumwari hwaKe neshumiro yaKe; uye nokugadzirira kufa sezvaAkakuitira.

135 Zvino ungangosimudzawo here ruoko rwako, wakakotamisa musoro wako, zvino woti, "Ndinyengeterereiwo"? Mwari vakuropafadzei. Uye Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadze, musikana mudiki. Oo, Mwari vakuropafadzei. Hongu, ndinoona ruoko rwenyu. Ishe vakuropafadzei, chokwadi. Ichi Chipo chiduku, chaKristu, chakatumirwa naMwari kunyika; ndokuChizivisa ne. . . Vachenjeri vakaChizivisa, hupenyu hwaKe pachaKe hwakaChizivisa, rufu rwaKe rwakaChizivisa, Rumuko rwaKe

rwakaChizivisa, kubvuma kwako kwakaChizivisa, uye Anozvibatanidza pachaKe newe kuti uri waKe uye iYe ndewako. Kana usiri chaizvo...munoona, kudavirira kweMweya waMwari uchishanda mauri, mumwaka uno weKisimusi, ngakuuye kwamuri zvino.

136 Baba veKudenga, tichidzedzereka semudzengereri mumugwagwa, hapana akanga ane basa naye. Nyika yakaenderera mberi mumhemberero dzavo dzeupenzi, ndizvo zvavari manheru ano, Ishe. Asi dzimwe nguva tinonzwa semudzengereri uya, asi takagamuchira Chipo. Saka tinonamata, Baba, kuti Mugotiita chipo, chechiedza, kunyika ino iri kufa. Vazhinji pano vasimudza maoko avo kuti vanoda Chipo chaMwari kuti Vaifanira, pachaVo, kupa Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, akauya pasi, akava Munhu. Akadereresa pasi zvekuti ivo havana kana...Akauya akaderera kwazvo uye akazvininipisa zvikuru kusvikira A—Akanga asina kana mubhedha wekuberekerwa pauri. Mho—mho—mhou yakatozo...kana bhiza kana chimwe chinhu chakatozopa chidyiro chacho, chichienda parutivi, (mhuka) vanhu vaive vapinda muchimiro chaivepo. A—Akadzika pasi mu—muchidyiro chezvipfuwo, mune danga rebako duku rekare padivi pechikomo muBheterehema, iyo mwanakomana wechipfeve akanga avamba guta racho duku makore mazhinji akanga apfuura.

137 Uye zvino, Ishe, tinoona kuti humwe husiku, husiku hunotonhora, zvakanzi kwaAri, "Rabhi, tinoda kuenda neMi kumba manheru ano."

138 Iye ndokuti, "Saka, zvino, shiri dzine matendere, uye—uye makava ane nzvimbo yekugara, asi iNi—iNi—iNi handina... kunyange nzvimbo yepokuisa musoro waNgu." Uye ndiyo nzira yavakaMurega achifa, semudzengereri mumugwagwa.

139 Baba veKudenga, ko mu—Mukristu anogona here, ko vanhu nhasi vangagona kuzviona here kuti—kuti ndiCho Chipo chikuru chiya? Uye vazhinji pano, manheru ano, vanopfuura gumi nevaviri, ndinofungidzira, vasimudza maoko avo kuti vanoda kugamuchira Mweya Mutsvene. Dai pakava sezvakangoita vachenjeri, zvichida hapana kana mumwe weungano yose achaona zviri kuitika. Uye Nyeredzi iyi, Chiedza ichi chisinganzwisisike chakapfuura nepamusoro penzvimbo dzekunzvera matenga, kwemakore maviri, uko vanhu vaitochengeta nguva panguva iyoyo nenguva dzekurinda ina, vaichengeta nguva nenyeredzi. Hapana munhu, hapana munyori wenhoroondo akanyora nezvazvo. Hapana aiziva nezvaCho, asi zvakadaro Chakanga chiripo. Zvino vachenjeri ava, nechipo chavo chakafanira, vakatungamirirwa zvakanaka kusvika kwaChiri. Dai Chiedza chimwe chete ichocho chapinda mumwoyo woga-woga, uri pano manheru ano, wakagara pano. Panogona kunge pasina manyawi, panogona kunge pasina *izvi,*

izvo, uye pamwe hapana mumwe munhu angazviziva, sezvakaita vachenjeri. Asi dai chimwe chinhu chanyatsogara mumoyo yeava varume, vakadzi, vakomana nevasikana manheru ano, kuti Chipo ichocho chaMwari chizodze hupenyu hwavo. Kuti kubva manheru ano zvichienda mberi, ivo vachashandurwa. Havachazovizve sezvavaisimbova. Vachava chisikwa cha—chakashanduka kubva zvino zvichienda mberi. Dai ivo, savachenjeri, vaenda neimwe nzira uye varega kudzokera kumafashoni enyika (naHerodhe, muzinda wamambo), "Asi vayambirwa naMwari, vakatsauka." Zviitei, Ishe.

140 Manheru ano ndinonamata kuti murume wese akachenjera, mukomana, kana musikana, ari muno manheru ano . . . Murume kana mukadzi akachenjera zvakakwana kuenda neimwe nzira achibva kuzvinhu zvenyika manheru ano, asadzokere shure zvachose mushure mezuva rino. Mushure mekupfuura uku—uku kwezuva rino nehusiku, havachazodzokerazve kuzvinhu zvenyika, asi dai vakachenjera. Uye Inzwi diki iri risinganzwisisiki ravaita kuti vasimudze maoko avo uye vachiti, "Hongu, ndinoda Chipo chaMwari . . ." Dai chinhu chimwe chete ichocho chavaita kuti vasimudze ruoko rwavo, chivabatanidze manheru ano nerufu, kuvigwa, nekumuka kwaKe, nokuvapa Mweya Mutsvene. Dai vakaenda neimwe nzira.

141 Dai madzimai aya ari pano manheru ano, Ishe, vanga vaine nguva yakaoma yekutadza kurega kuenderana nenyika; varege vhudzi ravo richikura, vopfeka zvine hudzimai, uye vabvise pendi iyi yekumeso nezvimwe, zvekuwedzera izvi, zvinoratidza . . . zvi—zvinoita sekuvaratidza kuti havana hutano, ivo . . . pa—pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka. Uye dai manheru ano, Chiedza chidiki ichi chisinganzwisisike, Ishe, chavaita kuti vasimudze maoko avo, dai vakati, "Ishe, ndiri kutsauka kubva kuzvinhu zvenyika, manheru ano."

142 Varume ava vanga vasina chinhu che—che—chechokwadi, chekuzotaura navakadzi vavo nokuvaita kuti vaende neimwe nzira; nezvinhu zvavanoita. Dai tose pamwe chete, Ishe, tangoenda neimwe nzira manheru ano, tayambirwa naMwari nemharidzo diki isinganzwisisike ye—yeChiedza chaMwari chinorova pamwoyo yedu. Dai taenda neimwe nzira manheru ano uye—uye tigoKuraramirai mazuva edu ese asara, toenda—toenda kumusha neMi neimwe nzira isiri iyo yatange tichifamba mairi. Zviitei, Ishe. Tiitei Makristu ari nani, Mukristu wose ari pano manheru ano, Baba, akaKugamuchirai uye anotenda maMuri. Uye vakaedza kurarama hupenyu hweChikristu, asi manheru ano, dai vakaenda neimwe nzira, dai vakagamuchira Chipo ichocho.

143 O Mwari, i—i—inzira inozvidzwa. Vakadzi vachadaidzwa kuti "vechinyakare," vachadanwa zvese hazvo. Uye varume vachanzi "vapengereki." Asi isu taka—isu takagadzirira, Ishe.

144 Mweya Mutsvene, tiendesei neimwe nzira, iko zvino. Ndiendesei neimwe nzira, Ishe. Ini—ini—ini handidi kana kuenda nechero nzira inondibvisa paMuri. Ishe, ndi—ndinoda kuenda nenzira yaMunoda kuti ndifambe nayo. Ndinoda kuti chipo chemoyo wangu chive chakakwana kwazvo zvekuti chinoKuzivisai, Ishe, panyika, kuti haMuna kufa, Muri kurarama.

145 Muri Mwari wevapenyu, kwete Mwari wevakafa. Vakafa vakafukidzwa pose-pose nenhunzi, nemazinhunzi egirinhi, zvichigadzira utachiona nemamwe mazinhunzi egirinhi; semurume anonwa doro rake rekutanga, anoputa mudzanga wake wekutanga, anotaura nhema yake yokutanga, oti gumbo panze kune mukadzi wake kekutanga; kana mudzimai anoti gumbo panze kune murume wake, kana anoita zvinhu zvakashata; sokunge varohwa nezinhunzi regirinhi, uye ika . . . dzi—dzinoungana pane . . . dzokwira dzichimomotera nemutsvina, nokuti dziri pamweya wakafa uri mukati. Mweya yakaipa inopinda mauri. Uye mweya mumwe wakaipa unomuita kuti aite chimwewo chinhu; uye mumwewo unouya, womuita kuti aite chimwewo chinhu nokuti vakaita *izvi*.

146 Mwari, dai vakaenda neimwe nzira uye vakauya kuHupenyu. Dai vasimuka, uye Ngirozi dzaMwari dzadzika nezvipo zveHupenyu Husingaperi, Ishe, vaende vachibva mukukunda vachienda kune kumwe kukunda. Zviitei, Baba. Tinoenda neimwe nzira, manheru ano, kubva kuzvinhu zvenyika uye nekufunganya kwenyika, tayambirwa naMwari kuti nguva yava pedyo, Jesu ari kudzoka panyika. Uye dai Mweya Mutsvene Mukuru watipa, manheru ano, Hupenyu Husingaperi ihwohwo hwatiri kutsvaka. Zviitei, Ishe. Tiri—tiri kungonamata kuti Mugotipa maropafadzo aya patinoakumbira nemuZita raJesu Kristu.

Takakotamisa misoro yedu:

147 Vachenjeri kare vakatosvika kune ichocho . . . vakatevera Chiedza kune . . . vakawana Chiedza Chakakwana. Uye dai Chiedza chidiki, manheru ano, chakuita kuti usimudze ruoko rwako, kana kuti pamwe hauna kana . . . Chakurova, asi hauna kana kumbosimudza ruoko rwako, dai Chiedza ichocho chakutungamirira chaiko kuChiedza ichocho Chakakwana.

Tose ngatisimukei, kuitira shumiro diki yekuzvichenesa.

148 Ngatiitei mwoyo wedu mudiki pano, manheru ano, nzvimbo yekugara yaKristu. Rangarirai, manheru ano, kanyaya kangu kadiki kasinganzwisisike pamusoro pemudzengereri. Manheru ano, chokwadi, Jesu Kristu ndiye mudzengereri uya ari mumugwagwa. Ndizvozvo, A—Akanga ari mudzengereri mumugwagwa. Oo, hongu, tinoti, "TinoMushumira." Chokwadi. Hwose hunyerekete nekuyevedza, hazvisi iYe. Hazvisi iYe. Akatozofa kuti akuunzire Chipo ichi, kwete chidhori, asi

Hupenyu. Akatozofa kuitira kuti azviite, kuti asvike kwauri, nzira yoga yaAigona kusvika kwauri. HaAigona kungouya pano ova Murume akakwana, sezvaAiva, obva auya kwauri. Haaigona kuzviita nenzira iyoyo. Akatozofa kuti azviite, kuti asvitse—kuti asvitse Chipo chaMwari kwauri. Zvakafanana ne—nemudzengereri akatozofa kuti aendese chidhori chidiki kumusikana wake, Kristu akatozofa kuti aunze Mwari kwauri. Tinoda kuZvigamuchira manheru ano. Uye ndinotenda, takakotamisa misoro yedu, . . . uye ngatingosimudzai maoko edu kuna Mwari tokumikidza hupenyu hwedu patsva, ipo pano manheru ano.

149 O Mwari vane Nyasha, ti—tinoda Chipo cheNyu. Ini—ini ndiri pano, semwaka uno weKisimusi, Ishe, ndichicherechedza uye ndakatarisa panyika uye ndichiona hunyerekete nekuyevedza kwezuva, Ndi—ndiri kungoona . . . kunze uko, sezvakataurwa neBhaibheri, zera rino reRaodhikia, Muri kunze kwechechi yeNyu. Makarambwa, mupoteri kuchechi yeNyu pacheNyu nekuvanhu veNyu pacheNyu. Maka—Maka—Makarambwa. Mu—mupoteri ari chimwe chinhu chakarambwa, uye Makarambwa muchechi yeNyu Momene. Makarambwa pakati pevanhu veNyu. HavaKudei, Ishe, uye vakaKusiyai, semudzengereri, mumugwagwa. Mwari, iMi—iMi—iMi makaenderera mberi, mukafa zvakadaro, kuti Mugounza Chipo chaMwari kwatiri. Uye tinoChigamuchira mukuzvininipisa, Ishe. Ndinonamata kuti Mungozadza mwoyo nehupenyu hwedu. Uye tiendesei neimwe nzira, kubva manheru ano zvichienda mberi, uye dai tava veNyu zvizere apo tinozvikumikidza kwaMuri.

150 Ndigamuchirei, Ishe. Zvizhinji zvikanganiso zvehupenyu zvandakaita. Uye, Mwari vanodikanwa, apo—apo ini—apo ini ndakamira pano panzvimbo ino inoyera apo paparidzirwa Evhangeri uye pataKuonai pano, kunyangwe muChiedza chi—chikuru chakavhenekera pavari. Uye tinotenda kwazvo nekuda kweizvi, Ishe. Ndi—ndinozvitsaurira Kisimusi ino, kwete mune . . . uye sezvaizoita nyika kana ku—kana kuvhura mapeji matsva. Ishe, ndi—ndinongoda kugamuchira Mwanakomana weNyu. Ndi—ndinoda kugamuchira Chipo cheNyu, Ishe.

151 Ndinoda kugamuchira Chipo cheHupenyu Husingaperi kubudikidza naKristu. Uye ini, zvechokwadi, Ishe, ndinogamuchira Chipo chaKristu kwandiri, kuedza kuhwina vamwe kwaMuri. Mwari, isu mumwe nemumwe . . .

152 Itai kuti mudzimai mudiki wepamba ange achitapira kwazvo uye akazvininipisa, kuti azokwanisa kutungamirira vamwe kwaMuri. Chipo chaMakamupa, ihwo humunhukadzi hudiki hwakaita sehwemudzimai kwaye, ngaave nehudzimai kwahwo kusvika vavakidzani vanomuona uye—uye voda kufanana naye.

153 Itai kuti murume, anoshanda muchitoro, chero angava ani, Ishe; muitirei hupenyu hwakazvininipisa, saKristu, kuti

vamwe vagoona. Hatizivi kuti vanhu ivavo vakamira papi kunze uko, Baba, asi hatimbodi kusiya mugwagwa mukuru, muhombe wakare; asi isu tichareerekera kumashure, torerekera kumberi, tonanavira kure chero kupi zvako kuti tiwane mweya. Zviisei kwatinosvikira, Ishe, tinokumbira. Uye tipeiwo hu—hu—hupenyu hunoita kuti vanhu vade kurarama saizvozvo, tichizvikumikidza kwaMuri, manheru ano. MuZita raJesu Kristu. Ameni.

Zvino, kana mungakotamisa misoro yenyu zvakare, ndinoda kukushuvirai mumwe nemumwe wenyu Kisimusi yakanaka:

154 Dai Chipo chikuru cheKisimusi, Chacho chekutanga uye chega uye chepamavambo uye Chega chiriko, Jesu Kristu, avandudzwe mumoyo mako manheru ano. Dai Mweya Mutsvene wauya kwauri uye wakuunzira zvipo zvokushumira nezvinhu zvinobva kuna Mwari, kuti iwe. . . chipo chekuti urarame hupenyu huri nani. Ndizvo zvandinoda. Ndingasva ndava neHupenyu hwaKristu mandiri kuti ndirarame ndichitapira uye nekukunda kupfuura zvandingada zvipo zvose zvekupodza, zvipo zvekuporofita, zvimwe zvipo zvose; ingondipai Jesu. Regai ndirarame Hupenyu, Hupenyu ndihwo hwandinoda kurarama. Ndinoda kurarama kuti vamwe vazive. Ndicho changu—ndicho chishuwo changu paKisimusi, uye ndinonamata kuti ndicho chishuwo chako. Uye ndinokumbira kuti Mwari vatipe chishuwo chaVo.

155 Zvino, ngativei neshoko kubva kumufundisi, nekuparadzana. Uye Mwari vakuropafadzei. Tichakuonai Chitatu manheru. Kusvikira panguva iyoyo, Mwari vakuropafadzei.

Zvipo ZvaMwari Zvinogara Zvichiwana Nzvimbo Dzazvo SHO63-1222
(God's Gifts Always Find Their Places)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Zvita 22, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org